

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Lare

## 2

R. Ng. Yasadipura I



ektorat  
ayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan



**MENAK LARE**

**2**



# MENAK LARE

## 2

Oleh  
**R. Ng. YASADIPURA I**

Alih aksara  
**SULISTIJO HS**

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
**PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA**  
**INDONESIA DAN DAERAH**  
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka  
BP No.1119 a

Hak pengarang dilindungi undang-undang

## **KATA PENGANTAR**

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISINIPUN

kaca

XII.	Sang Putri Umandhitahim Dhaup Kaliyan Raden Tohkaran, Raden Uksam Lalana Andon Prang .....	11
XIII.	Raden Uksam Sirna Dening Sang Ambyah, Raja Marmadi Badhe Nelukaken Ambyah .....	20
XIV.	Rajah Kohkarib Anglurug Dhateng Mekah .....	32
XV.	Perangipun Wadyabala Kohkarib Kaliyan Sang Amir .....	43
XVI.	Prabu Umarmadi Teluk Dhateng Sang Amir .....	50
XVII.	Sang Prabu Medayin Utusan Nimbali Sang Ambyah .....	60
XVIII.	Utusan Medayin Sampun Dumugi ing Mekah .....	66
XIX.	Sang Amir Dereng Purun Sowan Dhateng Medayin .....	76
XX.	Utusan Medayin Wangsul, Lajeng Sowan Prabu Nusirwan .....	81
XXI.	Patih Betaljemur Nimbali Sang Amir .....	85
XXII.	Sang Amir Ian Para Raja Bidhal Dhateng Medayin .....	90
XXIII.	Sang Amir Mejahi Wabru ing Wana .....	95
XXIV.	Raden Maktal Kaaben Kaliyan Raja Irjan .....	100
XXV.	Sang Amir Badhe Sowan Sang Prabu Nusirwan .....	111
XXVI.	Sang Amir Dumugi Ngarsanipun Sang Prabu Nusirwan .....	121

## **KATA PENGANTAR**

Buku Menak Lare 2 ini menceritakan penghidupan Amir Ambyah, yaitu tokoh utama dalam cerita ini, ketika ia masih muda belia. Kesaktiannya yang luar biasa sehingga ia dapat mengalahkan para raja besar yang memusuhinya, tidak mengubah sifat budi luhur yang dimilikinya. Ia tetap rendah diri, dan tetap setia kepada raja Nusirwan yang diagungkan, walaupun sebenarnya ia dapat mengalahkannya. Ketampanan wajah Amir Ambyah yang sangat menawan, yang sangat berbeda dengan wajah jelek Umar-maya pembantu tokoh utama dalam cerita ini, yang lucu, konyol tetapi sangat menarik, diramu dengan jalinan sastra yang indah, menjadikan buku ini mempunyai daya pesona tersendiri dan ciri-ciri yang khusus.

Karena itu Departemen Pendidikan dan Kebudayaan menerbitkan buku ini dengan harapan agar para pembaca dapat menambah pengetahuannya dalam sastra daerah.

Buku Menak Lare 2 ini bersambung ke buku Menak Lare 3.

Penyunting

**XII. SANG PUTRI UMANDHITAHIM DHAUP KALIYAN  
RADEN TOHKARAN, RADEN UKSAM LALANA  
ANDON PRANG.**

**SINOM**

1. Wau putra ing Ngabesah,  
Raden Tohkaran nulyaglis,  
angrangkul padaning Ambyah,  
umatur angasih-asih,  
kang abdi utang urip,  
ing paduka Sang Binagus,  
inggih kados punapa,  
yen sampuna ta meningi,  
sadayane punggawanireng Ngabesah.
2. Kawulanger dasihena,  
anjalmaa ping sakethi,  
sampun liyan ngabdekena,  
ngamungna gusti Sang Pekik,  
kang asih marang dasih,  
ambek satriya pinunjul,  
kinen salin agama,  
sarengat Nabi Ibrahim,  
sadayane punggawanireng Ngabesah.
3. Lajeng kondur Raden Ambyah,  
putreng Ngabesah tut wuri,  
sagah tan pisah ing karya,  
wau denira angabdi,  
mangkana para aji,  
saking sayembaran kebut,  
sami angalembana,  
sagung kang para narpati,  
ing tingkahe putreng Mekah Raden Ambyah.

4. Tan ana jalma mangkana,  
tuwu kalamun linuwuh,  
tan ana ingkang kuciwa,  
satriya para narpati,  
masanggrahan pra sami,  
Tohkaran sabalanipun,  
ngumpul ing kuwu Mekah,  
punggawa mantri bupati,  
patang leksa wong Ngabesah baris kapang.
5. Rumeksa ing Gusti Ambyah,  
samana balaniramir,  
kawan kethi kalih leksa,  
lan kawan ewu winarni,  
wau Sang Rajaputri,  
sapraptanireng kadhatun,  
kasabet ing asmara,  
tan ana kacipteng galih,  
amung ingkang anambungi sayembara,
6. Anggung awadhag widhigan,  
tyasira Sang Rajaputri,  
pan amung satriyeng Mekah,  
cumanthel tuntunging ati,  
dadya Sang Rajaputri,  
Umandhitahim angutus,  
maring pawonganira,  
ngaturaken ali-ali,  
panedhane den suwuna mring sang nata.
7. Nanging datan sinembadan,  
kusuma Umandhitahim,  
kasmaran marang Wong Menak,  
anggung kintun jebat wangi,  
angandika Sang Amir,  
mring pawongan kang ingutus,  
matura gustinira,

ingsun durung arsa krami,  
gustinira jodhone putra Ngabesah,

8. Besuk sun suwun ing nata,  
sun panggihaken tumuli,  
kalawan yayi Tohkaran,  
matura marang Sang Putri,  
mangkono karep mami,  
ponang parekan wot santun,  
sapraptanireng pura,  
pawongan umatur aris,  
angaturken ing karsane putreng Mekah.
9. Langkung wagugen ing driya,  
kusuma Umandhitahim,  
denira tan sinembadan,  
Wong Menak ingkang winarni,  
malebet jroning puri,  
wus panggih lawan Sang Prabu,  
Sang Nata angandika,  
ana karsanira Kaki,  
alon matur Raden Ambyah mring Sang Nata.
10. Putri paduka Sang Nata  
apanggiha yen suwawi,  
lan yayi putreng Ngabesah,  
ngandika sri narapati,  
iku karsengong Kaki,  
dadiya juru padangmu,  
umatur Raden Ambyah,  
kula dereng arsa krami,  
inggih sampun kasuwun sih padukendra.
11. Dahat saking ingkang manah,  
dereng mantra nambut krami,  
ngandika sang nateng Yaman,  
dene mungguh jeneng mami,

yen karsanira Kaki,  
ingsun tan suwaleng kayun,  
iya sakarepira,  
angreh Yaman iki dadi,  
Raden Ambyah nimbali putreng Ngabesah.

12. Wus prapta ing dalem pura,  
karsane Sri Narapati,  
sira Rahaden Tohkaran,  
sun dhaupken lan Sang Putri,  
matur sarya wotsari,  
gusti yen kenginga lumuh,  
dhihiin awak kawula,  
mila tumrapta mariki,  
inggih saking kadereng arsa akrama.
13. Samangke tan darbe sedya,  
wus tuwuk miyat ing Gusti,  
Raden Ambyah angandika,  
aywa lenggana ta yayi,  
sira sun karya isi,  
ing wijohan palowanu,  
aneng nagari Yaman,  
sang nateng Yaman nambungi,  
aywa lumuh ing karsane anak Ambyah.
14. Prabu Anom jumenenga,  
ana ing Yaman nagari,  
anduwenana sasigar,  
gawanen suwiteng gusti,  
pan dudu karep mami,  
yeku karsane gustimu,  
ananging ta ningkaha,  
ing besuk panggiha kaki,  
lamun gustinira amamangun krama.
15. Sandika Raden Tohkaran,  
bawahan datan winarni,

**langkung ramene kasukan,**  
ing siyang pantara latri,  
mangkana Raden Amir,  
denira nendra ing dalu,  
supena yen ing Mekah,  
kinepung ing mengsa kapir,  
animbalni marang sira Umarmaya.

16. Umarmaya ngong supena,  
ing Mekah kinepung kikis,  
payo sira lumakuwa,  
marang ing Mekah den aglis,  
ja gawa batur siji,  
pariksanen den satuhu,  
yata Ki Umarmaya,  
nampel wentisira kalih,  
prajeng Yaman lakon telulikur dina.
17. Saking negara ing Mekah,  
Ki Umarmaya nglakoni,  
ingkang lalakon sapasar,  
sadina denya nglakoni,  
ing tigalikur wengi,  
patang dina praptanipun,  
punjul kapatengah jam,  
praptaning Mekah nagari,  
Umarmaya mindha druwis papariman.
18. Estu kinepung ing mengsa,  
satriya kang andhatengi,  
saking nagari ing Kebar,  
anglalana andon jurit,  
sawidak langkung kalih,  
gas dedege satriyeku,  
sakethi balanira,  
kang samya nitih turanggi,  
patang leksa akere wesi sadaya.

19. Saleksa anithi unta,  
saleksa kang nitih kului,  
kang saleksa blegedaba,  
samya ngagem gada wesi,  
ingkang ngagem calimprit,  
saleksa kang nunggang senuk,  
nitih memreng saleksa,  
samya ngagem cacap lembing,  
kawan ewu kang nitih turangga seta.
20. Asikep rajang sarampong,  
duduk gandhi kalawahi,  
bisikane kang satriya,  
Rahaden Uksam prajurit,  
gada wrat samas dacin,  
kasub prakuswa ing pupuh,  
mila ndon yuda brata,  
tinari madeg narpati,  
mring kang rama Al Kamah nata ing Kebar.
21. Alumuh Rahaden Uksam,  
benjang kula jeng ramaji,  
umadega naradipa,  
yen sampun atandhing jurit,  
lan nata ing Medayin,  
kang angreh samanening ratu,  
tur ratu pinituwa,  
yen ingsun madega aji,  
nora arsa kandhapa maring Nusirwan.
22. Yen ingsun nora ngalahna,  
maring Bathara Medayin,  
tan arsa jumeneng nata,  
mila kang rama nuruti,  
gawa bala sakethi,  
andarojog mring Medayun,  
datan mawi panantang,

sumedya culikeng jurit,  
nedy a nambuh maring Medayin nagara.

23. Prapteng Medayin tan ana,  
miarsa lamun Sang Aji,  
ambuburu maring wana,  
satriyeng Kebar meningi,  
patmasana narpati,  
ingkang asaka mas luru,  
palangka manik retna,  
sinasotyeng inten wilis,  
aneng wana rinekseng mantri sadasa.
24. Sang nata nuju papara,  
marang liyaning wanadri,  
satriyeng Kebar duk lintang,  
miyat padmasana adi,  
lawan palangka rukmi,  
dyan pinaten mantrinipun,  
padmasana binekta,  
dadya pratandha manawi,  
angasorken munggeng asmara dilaga.
25. Dene ta sampun anjara,br/>palenggahaning narpati,  
mila lajeng lampahira,  
dhateng ing Mekah nagari,  
nedy a anjara,hi,  
kitha ing Mekah kinepung,  
cukup sabalanira,  
wong ing Mekah tan metoni,  
samya masang panggungan lan palataran.
26. Mangkana Ki Umarmaya,  
denira amindha druwis,  
maring pamondhokan Kebar,  
manggihi tiyang satunggil,

- anulya den takoni,  
eh kaki sun takon tuhu,  
sapa rane satriya,  
kang ngepung ing Mekah iki,  
lawan pira balane dedege pira.
27. Sumaur kang tinakonan,  
satriyeng Kebar kang prapti,  
jujuluk Rahaden Uksam,  
dedege gustiku iki,  
sawidak langkung kalih,  
egas prakosa ing pupuh,  
ageme ing payudan,  
gada geng wrat sewu kati,  
para nata pilih ingkang nadhahana.
28. Mila larana don aprang,  
sanggup mring kang rama nguni,  
mungsuh Bathara Nusirwan,  
kesahe saking nagari,  
gawa bala sakethi,  
andarojog mring Medayun,  
prapta ujunging wana,  
pinareng Rajeng Medayin,  
ambuburu gawa padmasana emas.
29. Anulya mring wana liyan,  
tinilar padmasana di,  
gustiku pinuju liwat,  
ingkang tunggu den pateni,  
sukaning tyas tan sipi,  
padmasana kinen ngusung,  
minangka apratandha,  
prasasat ngalahken jurit,  
dene ta wus anjarah kang padmasana.
30. Milanya laju mring Mekah,  
apan arsa anjarahi,

dene nagri kamargenan,  
lan arsa mundhut turanggi,  
kang saking tamansari,  
Marmaya tinanya asru,  
sira iku wong apa,  
tatakon aniti-niti,  
Marmaya ngling manira arsa pariman.

31. Baya loma gustinira,  
dene ta satriya sugih,  
apan aku wong malarat,  
kang tinanya wus kasilip,  
dupi katungkul aglis,  
Marmaya gya nampel pupu,  
malesat kadya kilat,  
lakon telulikur wengi,  
linampahan patang dina prapteng wuntat.

**XIII RADEN UKSAM SIRNA DENING SANG AMBYAH,  
RAJA MARMADI BADHE NELUKAKEN AMBYAH.**

**PANGKUR**

1. Lampahe Ki Umarmaya,  
prapteng Yaman lan Ambyah wus kapanggih,  
katur ing sasolahipun,  
kagyat Rahaden Ambyah,  
para kadang miarsa saksana ngumpul,  
wong ing Mekah atengara,  
myang bala ing Ngalabani.
2. Miwah bala ing Ngabesah,  
awurahan samya atata baris,  
sang nata ing Yaman sampun,  
ingaturan uninga,  
lamun Ambyah saha bala arsa kondur,  
mring Mekah kinepung mengsaah,  
sumedya tutulung jurit.
3. Kapiteng tyas nateng Yaman,  
mepak bala tutulung tata baris,  
swaraning bala gumuruh,  
kadya robing hernawa,  
medal saking kitha gagamane agung,  
kang dadya cucuking lampah,  
Rahaden Maktal prajurit.
4. Sumreg ingkang bala kuswa,  
Sang Tohkaran balanira nambungi,  
bala ing Yaman wus kumpul,  
ing wuri wadyeng Mekah,  
gunging wadya swarane lir gunung rubuh,  
pinarjayeng samirana,  
kadya awun-awun geni.

5. Lampahing baris ginelak,  
bala kuswa wutah aneng wanadri,  
dhedhet wiyat kadya tedhuh,  
kawuri prajeng Yaman,  
masanggrahan aneng wana Ujung-ujung,  
Ki Umarmaya turira,  
kalamun pethuk ing kapti.
6. Sampun nganthy.bala kathah,  
temah rubed ing lampah aneng margi,  
manawi kasep ing tulung,  
paduka angerabna,  
Kalisahak kawula ingkang tut pungkur,  
bala tininggal sadaya,  
amrih enggal nuli prapti.
7. Kaprayogan wuwusira,  
Raden Ambyah nitih turangga aglis,  
Ki Marmaya ambuntut,  
sinabet kuda ngerab,  
bala kinen angantun sadayanipun,  
rikating carita prapta,  
ing kuwune mungsuh pinggir.
8. Raden Uksam duk semana,  
lagya nginum lawan punggawa mantri,  
wong Menak tumedhak sampun,  
saking turangganira,  
asta kanan munggeng pundhak keringipun,  
asta kang kiwa sumalah,  
ing pundhak kanan anuli.
9. Jengkunya mipit talingan,  
lajeng petak donga sing Jabarail,  
swaranira gumarudhug,  
kadya akasa rebah,  
kang samodra kocak toyanya sumembur,  
prakempa kang bumi obah,

gunung-gunung mogak-magik.

10. Wadyeng Kebar keh kantaka,  
kang miarsa kalenger akeh mati,  
turangga kathah lumayu,  
gajah senuk lumajar,  
Prabu Jaka kapileng sanget gumluntung,  
sinundhang ing balanira,  
tan antara nuli tangi.
11. Wau ta Rahaden Ambyah,  
wusing petak nitih turangga malih,  
sumbar sarwi angunguwuh,  
kagyat putra ing Kebar,  
gya angrasuk busana nulya andulu,  
ana wong kakalih prapta,  
bramantyanira tan sipi.
12. Mara sarwi senggak-senggak,  
baya ingkang gawe prabawa iki,  
lah tibane antakamu,  
wong ngendi pekenira,  
anauri ngong putrane Arya Ngabdul  
Muntalib dipatyeng Mekah,  
den aparek lanat kapir.
13. Yata prajurit ing Kebar,  
samya tandang sadaya ing ngajurit,  
miwah wadyeng Mekah kumpul,  
denya miarsa petak,  
lalampahan kalih siyang pan karungu,  
medal barise wong Mekah,  
tata mamanuki gusti.
14. Yata ingkang bandayuda,  
putra Kebar asru denira angling,  
payo tekakna sedyamu,  
apa kang aneng sira,

anauri iya dudu caraningsun,  
andhingini ingayuda,  
putreng Kebar marepeki.

15. Sarwi ngundha-undha gada,  
wawrat sewu kati mas duk tininggil,  
sira Raden Ambyah sampun,  
kudhung parise waja,  
sigra Raden Uksam gadane tumempuh,  
murub ingkang paris waja,  
kapiarsa ing wanadri.
16. Panarkane wadya Kebar,  
Amir Ambyah rempu awor lan siti,  
meksih munggeng kuda manggung,  
angling putra ing Kebar,  
sun watara sira mau remak rempu,  
saben ingsun yen anggada,  
durung kongsi amindhoni.
17. Luluh tumibeng bantala,  
marma ingsun wudhu tan olih tandhing,  
Wong Menak lingira asru,  
lah payo angetogna,  
aywa kendhat putreng Kebar panggadamu,  
sigra denya muter gada,  
pamupuhe ganti-ganti.
18. Wus tita panggadanira,  
nulya Ambyah angadeg luhur wajik,  
sarwi medhang sirahipun,  
parisanira sigar,  
terus maring jaja wetengira rampung,  
bokong rampas tekeng kapa,  
gigiring turanggá palih.
19. Wus pejah putra ing Kebar,  
Raden Ambyah angamuk ing wadyalit,

lawan Umarmaya wau,  
keh tugel kang pinedhang,  
kang kapupug rangkep sapta tigas rampung,  
maledug bala ing Kebar,  
anulya kang mitra prapti.

20. Wong agung ing Parangteja,  
Raden Maktal praptane andhingini,  
lawan mantri kuda sewu,  
lajeng anapung yuda,  
wadyeng Kebar kathah longe ingkang lampus,  
miwah kajarah uripan,  
nyang wadya ing Ngalabani.
21. Mantrinira Raden Maktal,  
anjajarah pedhang gada lan bindi,  
bala ing Kebar maledug,  
ngandika Raden Ambyah,  
yayi Maktal bujungen saparanipun,  
punggawane den bandaa,  
Rahaden Maktal wotsari.
22. Sinabet turangganira,  
nander mamprung saha bala nututi,  
kang bala kathah kabutuh,  
sira Raden Tohkaran,  
laju kinen nustul genira bubujung,  
marang punggawa ing Kebar,  
Raden Tohkaran ngabekti.
23. Gya nander Raden Tohkaran,  
kalih ewu watara para mantri,  
kang samya tumut karuhun,  
wus lepas lampahira,  
saparane wadyeng Kebar den bubujung,  
kathah kang samya kacandhak,  
kathah bestan para aji.

24. Myang kapraboning ngayuda,  
dipun lapgang parise pedhang tamsir,  
cacap rajang lawan tulup,  
jinarahan sadaya,  
wadyeng Kebar tumpes watara kang kantun,  
sapalih ical neng wana,  
lumebet ing jurang sungil.
25. Akathah jarahanira,  
Dyan Tohkaran lan Raden Selamiring,  
asareng denira wangslul,  
gawa bestan punggawa,  
kawarnaa wau ta Ki Arya Ngabdul,  
Muntalip kagyat gya medal,  
kapanggih lawan kang siwi.
26. Wong Menak miyat ing rama,  
malajengi angrangkul pada kalih,  
kang putra lajeng rinangkul,  
binekteng pamondhokan,  
samya dulu tilase pakuwon agung,  
lawan manggih padmasana,  
kagunganira narpati.
27. Ing Medayin lan Palongka,  
Umarmaya prapta saking manuki,  
sadaya kang samya bujung,  
tebih datan katara,  
Umarmaya wangslul maring enggenipun,  
atingali mring Ki Arya,  
gya lumajeng awotsari.
28. Wusnya nembah mring Ki Arya,  
ingkang rama saksana den bekteni,  
sira Jumiril angrangkul,  
marang atmajanira,  
Dyan Ngabdullah Abas Buntalip rinipun,  
atanapi wadyeng Mekah,

tan ana menangi jurit.

29. Sami ngabekti ing rama,  
putra tiga rinangkul ganti-ganti,  
ing jawi pakuwon umung,  
praptane nateng Yaman,  
wonten dasih semana ingkang umatur,  
punika sang nateng Yaman,  
saha bala sampun prapti.
30. Kang putra tiga turira,  
praptanira nedya tutulung jurit,  
saksana sigra pinethuk,  
tundhuk lawan Ki Arya,  
Dulmuntalip ngrerupa ing aturipun,  
tuwan daweg tumanduka,  
lenggah ing pakuwon sami.
31. Wus samya tata alenggah,  
tan adangu Raden Maktal kang prapti,  
saking denira bubujung,  
lawan putreng Ngabesah,  
akeh para bupati ingkang kapikut,  
katur maring Raden Ambyah,  
kang rama ngungun tan sipi.
32. Raden Ngabdullah turira,  
pan punika putra ing Ngalabani,  
suwiteng putreng pukulun,  
dhumateng yayi Ambyah,  
lawan putra ing Ngabesah inggih tumut,  
punika sami kabala,  
ing putra tuwan pun Amir.
33. Gawa bala pitung leksa,  
limang leksa raden ing Selamiring,  
ngandika Sang Arya wau,  
panangkilan saka mas,

padmasana iku kagungan Sang Prabu,  
heh Marmaya ulesana,  
kang liningan turiraris.

34. Akathah kang lelempitan,  
Raden Ambyah mesem denira angling,  
tan ana kang para ratu,  
duwe kadya punika,  
amung Sri Bathara Ratu ing Medayun,  
yen iku sun linggihana,  
mendah ucaping nagari.
35. Den arani awakingwang,  
araraton marang wong kanan kering,  
Ki Umarmaya umatur,  
milanya sapunika,  
pan yogyane kagema dhampar puniku,  
darapon angraosena,  
tingkahe madeg narpati.
36. Ing nalika maksih gesang,  
lah ta sinten ingkang sinantya malih,  
kang dadosa isinipun,  
wijoan paloretna,  
lawan putra Ngalabani wus panuju,  
kalawan Raden Tohkaran,  
kalihe samya prajurit.
37. Rama paduka narendra,  
prajeng Yaman ingkang anjajageni,  
sang nateng Yaman sumambung,  
atut ujar punika,  
luhung anak Ambyah umadega ratu,  
sedheng pun bapa winalang,  
pun bapa ngawat-awati.
38. Gumujeng sira Wong Menak,  
ingkang boten-boten Sri Narapati,

menek dereng mangsanipun,  
awrat wong madeg nata,  
Umarmaya becik ulesana iku,  
panangkilan padmasana,  
kagunganira narpati.

39. Tan panuju raganingwang,  
linggih munggeng wijoan palowani,  
anulya budhal tumanduk,  
marang sajroning kutha,  
wus pinarnah golongan sajuru-juru,  
wus pinanci ingkang boga,  
sagunging manca dipati.
40. Sadina-dina kasukan,  
Raden Ambyah tan mantuk maring puri,  
neng pakuwon siyang dalu,  
langkung sih amimitra,  
ingkang para dipati samya sih lulut,  
kuneng gantya kawuwusa,  
wonten ratu misesani.
41. Sapalih ing tanah Ngarab,  
kang kawengku ratu prakuswa luwih,  
akakadang patangpuluh,  
sami tunggil sabapa,  
samya gagah sadaya jumeneng ratu,  
nagarane sowang-sowang,  
sadaya prakosweng jurit.
42. Sampun kocap ing sajagad,  
caritane kang kaungkulon langit,  
mung sakawan buminipun,  
liya ing tanah papat,  
ingaranan kapulowan sadayeku,  
iku tanah sarempilan,  
tlatah kapit ing jaladri.

43. Araning bumi sakawan,  
dhingin Ngarab kapindho ing Ngabesi,  
kaping tigane ing Ngerum,  
ing Indi sakawannya,  
jajahane lalakon sawidak taun,  
kang kawengku bumi Ngarab,  
pira-pira ing nagari.
44. Atanapi tanah-tanah,  
ingkang sami kalebu ing Ngabesi,  
mangsa kena den itung,  
saking kehing nagara,  
miwah ingkah kalebu ing tanah ing Rum,  
pira-pira kang nagara,  
lampahan sawidak warsi.
45. Seje-seje ratunira,  
tuwin Ngindi miwah makaten malih,  
jajahan sawidak taun,  
pira-pira nagara,  
nanging nora dadi siji ratunipun,  
samya nagri sowang-sowang,  
pira-pira para aji.
46. Mangkono ing tanah Arab,  
kang saparo kareh ing ratu siji,  
Umarekrab namanipun,  
kocap garwane samas,  
sakalangkung prakosa ngreh para ratu,  
kedhep sasigare Ngarab,  
angadhaton ing Kohkarib.
47. Mangkya sang Prabu Marekrab,  
wus sumeleh kang putra anggentyani,  
putra kabeh patangpuluh,  
dene kang dadya tuwa,  
karatone si Umarekrab ingedum,

para ari kawandasa,  
kang sepuh-aneng Kohkarib.

48. Angreh kadang kawandasa,  
ingkang sepuh nama Prabu Marmadi,  
seket egas dedegipun,  
prakosa ing ngayuda,  
ratu bandhu akakadang patangpuluhan,  
mangkana miarsa warta,  
sira Prabu Umarmadi.
49. Yen anak wong kuwu Mekah,  
ana munggal siji metu prajurit,  
ngalahaken para ratu,  
nimbalni para kadang,  
kang panenggak Arjan jujuluking ratu,  
Ardasi lawan Ardiman,  
Ardisamat Ardi kapi.
50. Raja Dikman Raja Ikman,  
Raja Jasmakarma Kanjir Mukanjir,  
Raja Artantun Artabun,  
Jakumal lan Jakusal,  
Raja Kustur lawan Raja Malikustur,  
Raja Kundrat Raja Indrat,  
lan Raja Tasir Mutasir.
51. Raja Bikman Raja Biktan,  
Raja Saldas Pildas Ikdris Ikmadris,  
Raja Jangku Raja Dangku,  
Drudarma lan Drudarna,  
Raja Harben Raja Bikrun Baruikrun,  
Raja Durdanias Durdanam,  
Raja Sanggi Raja Danggi.
52. Raja Driksan Raja Drikman,  
Raja Biksun Raja Iksun wus prapti,  
pepak ratu patangpuluhan,

andher ngarsaning raka,  
sru ngandika Marmadi mring kadangipun,  
sira wus padha miarsa,  
anak wong dhukuh sawiji.

53. Ing Mekah metu digdaya,  
karsaningsun ingsun suwuk tumuli,  
ywa kongsi ngradon kabanjur,  
lir api sakokonang,  
lamun nora siniram andadra tamtu,  
yen nora nuli sun papas,  
yen wus ngradon amalahi.
54. Para kadang aturira,  
yen suwawi dipun remet tumuli,  
kawula ingkang umagut,  
kang raka angandika,  
karsaningsun anonjok layang pupucuk,  
sebaa maring manira,  
lan ngaturna bulubekti.
55. Ratu panenggak turira,  
yen suwawi kula nandukken tulis,  
yen Ambyah tan purun nungkul,  
kula bekta babandan,  
akatura Sang Bathara ing Pukulun,  
kang raka alon ngandika,  
sakarepira den becik.
56. Ananging becik kongkonan,  
yen wus nyata nora seba ing kami,  
iya apa sakarepmu,  
sira dhewe tindaka,  
punang surat sinungaken duta sampun,  
mesat kang mundhi nawala,  
neng marga gung brangta kingkin.

## **XIV. RAJA KOHKARIB ANGLURUG DHATENG MEKAH**

### **ASMARADANA**

1. Gantya kang winuwus malih,  
nagari ing Mekah sira,  
Arya Ngabdulmuntalipe,  
miwah sagung para raja,  
lawan sakadangira,  
tuwin ing Yaman Sang Prabu,  
Tohkaran Maktal neng ngarsa.
2. Duta ing Kohkarib prapti,  
lajeng tumameng byantara,  
angaturaken surate,  
wus tinampan mring Ki Arya,  
sinungken mring Marmaya,  
anulya winaca gupuh,  
angadeg pamacanira.
3. Penget bubukaning tulis,  
layangingsun Sri Narendra,  
Kohkarib ratu kinaot,  
kang misesa ing jajahan,  
saparone ing Mekah,  
kadang ratu patang puluh,  
samya bala nglimang leksa.
4. Tur kabeh madeg narpati,  
mangku nagri sowang-sowang,  
miwah ratu liyan kareh,  
saking ajrihe tumingal,  
marang gada manira,  
lan benere panahingsun,  
panjore sarampangingwang.
5. Lan lepase gandhi mami,

gedhene salukuningwang,  
ampuhe calimpringong,  
lan landhepe pedhangingwang,  
juluk macan tenaya,  
heh praptaa layangingsun,  
mring anak wong dhukuh Mekah.

6. Angaturna bulubekti,  
sarta nembaha maringwang,  
manuta agamaningong,  
sarengat Jeng Nabi Mungsa,  
yen tan arsa manuta,  
jerokena lalarenmu,  
kandelena bitingira.
7. Nora wurung sun lurugi,  
sun gempur nagarinira,  
sun gawe sagara geteh,  
lan sun tumpes kadangira,  
sun karya ing pangewan,  
sadaya samya angrungu,  
giris samya jrih ing loka.
8. Wong Menak sareng miarsi,  
sumung mukanira abang,  
padoning lathi kumejot,  
andik suryanya ngatirah,  
kumeleng kipat-kipat,  
karingetira akumyus,  
gagap pangandikanira.
9. Ngandika mring raka aglis,  
Kakang Abas anurata,  
andika wangsuli srate,  
ratu kang parduli ika,  
ngong nora gelem seba,  
balik ta dheweke iku,  
sebaa maring manira.

10. Yen nora seba mring mami,  
besuk prajane sun bedhah,  
lan manuta agamengong,  
lamun nora mengkonoa,  
ing besuk ingsun banda,  
bagendabas nurat sampun,  
wus sinungaken mring duta.
11. Duta ing Kohkarib amit,  
lampahira gagancangan,  
ing marga tan winiraos,  
wus prapta nagaranira,  
sang nata duk sineba,  
pepak andher para ratu,  
miwah satriya punggawa.
12. Tumameng ngabyantaraji,  
caraka ngaturken surat,  
tinampan lajeng winaos,  
dene bubukaning serat,  
penget layang manira,  
Ambyah kang digdayeng satru,  
kaonang ing jagad raya.
13. Ingkang prawira dimurti,  
kang kasumbung Jayengrana,  
kang nyikep ratu samane,  
dhawuha ing pekenira,  
ratu dahwen ing tingkah,  
sira Umarmadi prabu,  
sebaa marang ing Mekah.
14. Lan ngaturna bulubekti,  
yen sira tan nembah mring wang,  
sun peres sira ing tembe,  
kuthamu sun gawe karang,  
abang sira sun sulah,  
iya kabeh sakadangmu,

sun karya pangewan-ewan.

15. Duk myarsa Prabu Marmadi,  
mrebabak netra ngatirah,  
sumung anaut rawise,  
malatu-latu kang jaja,  
ambekuh tan ngandika,  
kang wadya samya tumungkul,  
ajrih miyat ing duduka.
16. Mawinga-winga awengis,  
sugal denira ngandika,  
heh netega tengara ge,  
pupucuk si setan pothar,  
anak wong dhukuh Mekah,  
langguke akon anungkul,  
nora wruh ing dhirinira.
17. Pira kadare si belis,  
wong dhukuh akon nungkula,  
marang ingsun ratu gedhe,  
payo nuli kebutena,  
aja nganggo pangarah,  
wong ing kutha bae cukup,  
angremet si dhukuh Mekah.
18. Ana bala limang kethi,  
sadina iki mangkata,  
besuk esuk lawan emben,  
kang kari padha nusula,  
anaa wong rong yuta,  
ngrasuk busana Sang Prabu,  
bedhol barising pangarsa.
19. Untabing bala ngajrihi,  
kadya prabata dahana,  
awarna-warna tunggule,  
kang dadya cucuking lampah,

sira sang Raja Jasma,  
Raja Karma Raja Jangku,  
agung wadya kuswanira.

20. Ingkang sumambung ing wuri,  
Raja Durdanas Durdanam,  
asri tinon gagamane,  
nulya sang Raja Drudana,  
lawan Raja Drudarma,  
Raja Biksun Raja Iksun,  
Raja Saldas Raja Pildas.
21. Sang Raja Kanjir Mukanjir,  
Raja Dikman Raja Ikman,  
Raja Greben Raja Sreben,  
kang sumambung wurinira,  
Raja Durda Durdiya,  
satunggul sapayung agung,  
samya ngapit-apit gada.
22. Raja Ikdris lan Ikmadris,  
Ardasi lawan Ardiman,  
Raja Jaen Raja Koen,  
Raja Salsad Raja Salsan,  
Raja Indri Indriyan,  
Raja Kustur Malikustur,  
Baruikrun sambungira.
23. Sapalih kang munggeng wuri,  
kang sapalih munggeng ngarsa,  
atengeran dhewe-dhewe,  
kang mungguhing wurinira,  
Raja Abila-bila,  
Raja Arsan Raja Arsun,  
Raja Kusal Raja Kumal.
24. Raja Sanggi Raja Danggi,  
Raja Busma Raja Hurma,

Raja Kures Raja Pares,  
Raja Bikman Raja Biktan,  
Jundara lan Junjala,  
Raja Artantun Artabun,  
Raja Askas Raja Piskas.

25. Raja Buntari Santari,  
Raja Ilda lan Mailda,  
Raja Jares Raja Ares,  
Raja Jagi Jagimonda,  
Baritma Maliritma,  
Raja Bikyur Raja Iktur,  
Raja Jeras Malijeras.
26. Raja Burni Buruburni,  
pepak kadang kawandasa,  
busanane tinon abyor,  
kadya tutunoning wana,  
kuneng malih winarna,  
ing Mekah dipatya Ngabdul,  
Muntalip duk siniwaka.
27. Sangkep atmajane sami,  
Raden Ngabdullah lan Abas,  
Abuntalip sakadange,  
kalihwelas munggeng ngarsa,  
miwah Raden Pamungkas,  
sira sang digdayeng satru,  
prawira dipatining rat.
28. Kang rama ngandika aris,  
kulup paran Karepira,  
dene mungsuh iki abot,  
angur baya abecika,  
nungkul aris-arisan,  
lah kulup dudu sangganmu,  
iku ratu digdayeng prang.

29. Lan sugih bala prajurit,  
iku ratu bandhu kadang,  
patang puluh padha katong,  
padha bala nglimang leksa,  
dene ratu kang tuwa,  
rong yuta balane langkung,  
pilih ratu kang anongga.
30. Sira maksih anom kaki,  
tuwin lawan arinira,  
iya padha anom kabeh,  
Maktal kalawan Tohkaran,  
durung tumekeng mangsa,  
kulup wirutameng kewuh,  
paran uga polahira.
31. Raden Ambyah lingira ris,  
benjang padha seksenana,  
ratu kang prapta maringong,  
yen ingsun amapag yuda,  
sun lawan karo tangan,  
yen nora mangkono ingsun,  
dudu turase ing Mekah.
32. Ngur aja duwesa mami,  
Pangeran Kang Mahamulya,  
bisa gawe menang kawon,  
Ki Umarmaya kakayang,  
tumenga cikrak-cikrak,  
amacucu amalembung,  
langkung sukaning wardaya.
33. Punapa gawene wedi,  
amungsuh si lanat kopar,  
rubuha tekan gununge,  
heh Maktal kayapa sira,  
mungsuh ratu prakosa,

- putra Ngalabani muwus,  
lamun ingsun ingajanan.
34. Maring Kakang anyagahi,  
anggempur kuthane pisan,  
Ki Raka samengko bae,  
pan wus jamaking satriya,  
**tandhing** kinrubut ing prang,  
atandhinga siji sewu,  
dadya sukane kang manah.
35. Mulane ngalaya bumi,  
alalana andon aprang,  
amriih sumengka tandhinge,  
kalamun durung sumengka,  
dudu trahing satriya,  
Raden Tohkaran amuwus,  
yeku rarasan kang nyata.
36. Sanadyan tandhing sakethi,  
apa gawene mirisa,  
angur aneng jarat bae,  
Wong Menak aris ngandika,  
padha sira dandana,  
lamun mungsuh nuli rawuh,  
ngong papag jawining kutha.
37. Ingsun nora abiting,  
nora pasang kapurancang,  
nora gawe jagang ingong,  
nanging padha den prayitna,  
mungsuh iki digdaya,  
prakosa sugih sadulur,  
meksih eca angandika.
38. Wong desa tampingan prapti,  
maring ngarsa tur uninga,  
yen wonten gagaman rawoh,

ambahak paminggir desa,  
rusak kang tinarajang,  
ing Kohkarib prajanipun,  
balane tanpa wilangan.

39. Wong Menak sigra ngundhangi,  
wong Mekah nembang tengara,  
gumuruh swaraning uwong,  
kang samya tata gagaman,  
sawadya sowang-sowang,  
bala Ngalabani kumpul,  
limang leksa kawan nambang.
40. Tohkaran saha prajurit,  
pitung leksa wus sanega,  
myang bala ing Yaman kabeh,  
ing Miskat lan Sitibarjah,  
ing Jabil lan Kudenda,  
ing Rawiya Kalarmaut,  
ing Luhyalam Mudalipah.
41. Ing Kopahbasarah Singkil,  
sami samekteng ngayuda,  
muni tengara kendhang gong,  
dyan budhal yuda ing ngarsa,  
kang bala wijan-wijan,  
Raden Maktal aneng ngayun,  
kang dadya cucuking lampah.
42. Raden Tohkaran nambungi,  
anulya sang nateng Yaman,  
balane tan kena awor,  
wurine wong agung Menak,  
lawan kadang sadaya,  
sami kadangira sepuh,  
ginarebeg wadyeng Mekah.
43. Lampahe wus prapteng jawi,

kitha tata palenggahan,  
yata genti winiraos,  
lampahe Prabu Marmadya,  
wus prapta celak kitha,  
mung kari lampahanipun,  
watara sawelas ejam.

44. Lajeng kendel tata baris,  
anggili bala ing wuntat,  
selur tan ana pedhote,  
kang prapta sadina-dina,  
bala saking nagara,  
Kosani lan saking Yandhu,  
saking Kemas saking Kalsat.
45. Denya kendel pitung ratri,  
den anti seba priyangga,  
elinga dudu bobote,  
andina tabah-tabahan,  
sadaya para nata,  
ing kuwu umyung gumuruh,  
pangriking turangga liman.
46. Mangkana Sri Narapati,  
kalawan sakadangira,  
sadaya aepak andher,  
Sang Nata lon andikanya,  
katog si dhukuh Mekah,  
tan arsa seba maringsun,  
sun anti ing pitung dina.
47. Raja Arjan matur aris,  
lamun suwawi Sang Nata,  
inggih kawula antepe  
yen mangke kedah mengsaha,  
kula bektane bandan,  
katura ngarseng pukulun,  
kang raka suka miarsa.

48. Iya lumakuwa aglis,  
lakokna saujarira,  
sigra atur sembah lengser,  
saking ngarsane kang raka,  
laju ing lampahira,  
kadi Singarodra naut,  
yen manggih jurang lumumpat.
49. Galinggang mungguhing margi,  
kang mujur kaidak sigar,  
ingkang malang-malang pedhot,  
weneh rawe-rawe rantas,  
mangkana lampahira,  
kaungak pakuwonipun,  
lajeng maring pasanggrahan.
50. Satriya ing Ngalabani,  
wong agung ing Parangteja,  
nuju miyos ing pakuwon,  
lagya meng-amengan lesan,  
kagyat praptane Arjan,  
sarya sru denira muwus,  
lah sira tura uninga.
51. Mring Ambyah yen ingsun prapti,  
kadange Prabu Marmadya,  
narendra ing Jiyaningong,  
kinongkon ing kadang tuwa,  
sigra Rahaden Maktal,  
maring pakuwon malebu,  
panggih lawan Raden Ambyah.
52. Matur lamun wonten tami,  
kadange Prabu Marmadya,  
Raja Arjan jujuluke,  
ngandika Rahaden Ambyah,  
iya sira undanga,  
Raden Maktal sigra metu,  
amundur siyaganira.

## **XV. PERANGIPUN WADYABALA KOHKARIB KALIYAN SANG AMIR**

### **DURMA**

1. Wus binekta Arjan marang panangkilan,  
mangkana Raden Amir,  
lagya siniwaka,  
dening para punggawa,  
neng wijoan palowani,  
denira lenggah,  
Arjan wus prapteng ngarsi.
2. Kagyat mulat dene Ambyah tan tumedhak,  
dangu jenger tan angling,  
Arjan sigra mojar,  
lah apa wadinira,  
dene sira tan ngudhuni,  
ing praptaningwang,  
ingsun iki narpati.
3. Kalingane sira iku ngrusak tindak,  
sirangkuh ingong iki,  
dudu baturira,  
dudu tebusanira,  
ngong meksih jeneng narpati,  
durung pinecat,  
saking karaton mami.
4. Ingsun prapta sira iku maksih lenggah,  
neng wijoan rinukmi,  
angling Raden Ambyah,  
sira praduli apa,  
yen arsa ingsun udhuni,  
lah udhunena,  
saking goningsun linggih.

5. Narik pedhang Arjan dukane kalintang,  
duk arsa angayati,  
pareng tibanira,  
astanira sinangga,  
paglanganira pinidihi,  
pedhange tiba,  
kasampe poking kuping.
6. Sira Arjan kalenger tibeng bantala,  
dangu lajeng ngalilir,  
gya tangi lumajar,  
pedhange tan ginawa,  
Ki Umarmaya nututi,  
Arjan mandhega,  
pedhangmu iki kari.
7. Apa sira wenehaken mring manira,  
akeh regane iki,  
kepalaning pedhang,  
intene ingsun wilang,  
pangarsane pitung rakit,  
myang kering kanan,  
intene ngenem rakit.
8. Lamun sira tinggalaken mring manira,  
liwat tarima mami,  
iki sun watara,  
pangaji patang leksa,  
Arjan anolih ing wuri,  
sarwi angucap  
lah endi pedhang mami.
9. Parenekna pedhang sampun tinampanan,  
sigra Arjan lumaris,  
tan kawarneng marga,  
prapteng pakuwonira,  
kang raka nuju siniwi,

kang rayi prapta,  
nulya sinapa aglis.

10. Heh ta Arjan oleh gawe lakunira,  
sanggupira ing nguni,  
anyekel si Ambyah,  
apa wus sira banda,  
kang rayi matur wotsari,  
tan antuk karya,  
kamiwelehen mami.
11. Dhuh pukulun pun Ambyah tuhu prawira,  
prakosa wignya sekti,  
ngandika Marmadya,  
mundur ran basakena,  
tiwas angisin-isini,  
mring kadangira,  
dhingin lir mutung wesi.
12. Wau ingkang anangkil mesem sadaya,  
sigra Sri Narapati,  
aneteg tengara,  
budhal arsa majenga,  
lampahan patang jam nuli,  
tata anjirab,  
pagubahan Sang Aji.
13. Akasukan sira Prabu Umarmadya,  
lan kadang para aji,  
tanapi punggawa,  
tuwin para satriya,  
pradipadi angladeni,  
kuneng samana,  
wuwusen prapteng enjing.
14. Asiyaga sagunging kang para raja,  
saha bala umijil,  
majeng mring paprangan,

supenuh balakuswa,  
myang wadyeng Mekah metoni,  
bala sumahab,  
wahananira mijil.

15. Baris kapang wadya bala ambalabar,  
pagut padha wong cilik,  
ingkang bandayuda,  
satriya lan punggawa,  
gumuruh kendhang gong beri,  
surak sauran,  
lir robing kang jaladri.
16. Prabu Umarmadi samana wus lenggah,  
ing padmasana rukmi,  
aglar para nata,  
munggeng ngarsaning raka,  
punggawa satriya tuwin,  
Rahaden Ambyah,  
wus munggeng palowani.
17. Wus sanega aglar munggeng ngarsanira,  
pra mantri lan bupati,  
sira Raden Maktal,  
sampun pratistheng ngarsa,  
Tohkaran jajare linggih,  
lan para kadang,  
tuwin para dipati.
18. Kalisahak sinaosaken ing ngarsa,  
busana murub asri,  
sigra Raden Ambyah,  
mijil maring payudan,  
sisirig kuda ngideri,  
asru susumbar,  
anguwuuh minta tandhing.
19. Iya iki rupane satriya Ambyah,

kang prawira dimurti,  
didayeng payudan,  
turasing adipatya,  
ing Mekah Ngabdulmuntalip,  
sawelas candra,  
neng Kakbah anenepi.

20. Iya iki wetune denya nastapa,  
heh payo wong Kohkarib,  
sapa rep palastra,  
ing kene sun papagna,  
ngadu pragolaning titih,  
kembuan gada,  
payo ratu praduli.
21. Raja Arjan umatur dhateng kang raka,  
kula ingkang medali,  
amethuk pun Ambyah,  
kang raka angandika,  
sira wus kaweleh dhingin,  
ing mengko arsa,  
panggih wirang ping kalih.
22. Raja Arjan ature kedah ameksa,  
sakarepira yayi,  
sigra denya nembah,  
wusira ngraup pada,  
gya nitih gajah tumuli,  
maju ing rana,  
sampun panggih lan Amir.
23. Asru mojar lah payo tekakna Ambyah,  
apa karepmu mangkin,  
baya kemat arda,  
aprang tanpa gagaman,  
Rahaden Ambyah nauri,  
ingsun tan watak,

yen aprang andhingini.

24. Raja Arjan senggak sarwi muter gada,  
wrat pitung atus kati,  
duk arsa tumiba,  
binarengan sinangga,  
pagelangannya tan osik,  
sigra sinendhal,  
saking gajah binanting.
25. Sira Arjan kantaka wus tinalenan,  
Ardas Ardus pupulih,  
pareng denya gada,  
cinandhak tengen kiwa,  
binanting samya gumlinting,  
wus tinalenan,  
mring Umarmaya nuli.
26. Raja Jasma Raja Karma sareng mangsah,  
kalih ngayati bindi,  
gya sinikep samya,  
kalih tan bisa polah,  
sampun sami dentaleni,  
Raja Durdanas,  
Durdanam apupulih.
27. Kalihira sareng angayati gada,  
sinanggeng asta nuli,  
tinarik wus tiba,  
kalih wus tinalenan,  
Ikdris Ikmadris pupulih,  
angangkat gada,  
sinagga dentaleni.
28. Pan rinangkep kalih binanting kantaka,  
Ardiman Ardikapi,  
sareng denya mangsah,  
sampun karsaning suksma,

para kadang ing Kohkarib,  
apes ing yuda,  
siji tana ngundhili.

29. Wadyeng Mekah surake ambata rebah,  
cinarita para ji,  
kadang kawandasa,  
kenging sami sadina,  
namung ratu ingkang kari,  
pitu kang tigang,  
dasa tiga wus keni.
30. Langkung duka sira Prabu Umarmadya,  
kendel kasaput wengi,  
arsa mangsah ing prang,  
surya wus tunggang cala,  
tinetegan mundur sami,  
myang wadya Mekah,  
nimbangi tan miyosi.

## XVI. PRABU UMARMADI TELUK DHATENG SANG AMIR

### MIJIL

1. Kawarnaa wau Dulmuntalip,  
saking ing kadhaton,  
atutuwi marang ing putrane,  
mring pakuwon anuju meningi,  
kang putra duk saking,  
pabaratan mundur.
2. Para putra sadaya nungkemi,  
rinangkul agupoh,  
gantya-gantya rinangkul putrane,  
Raden Ambayah wau anungkemi,  
kayapa nak mami,  
mungsuhira pupuh.
3. Ingkang putra nembah matur aris,  
ingkang para katong,  
Prabu Umarmadi sadhereke,  
katangsulan sakedhik kang kari,  
kawula watawis,  
mung kantun pipitu.
4. Katanggelan kasaput ing wengi,  
milane tan miyos,  
Prabu Umarmadi watawise,  
sanget runtik kadange keh keni,  
mila tan miyosi,  
kasaput ing dalu.
5. Sareng mundur wau kang prajurit,  
samya amakuwon,  
para ratu kang samya katalen,  
prapteng ngarsanirambyah lon angling,  
kabeh para aji,

apa karepipun.

6. Apa arep urip apa mati,  
ing agamaningong,  
lamun manut pesthi urip kabeh,  
yen tan manut pesthi sun pateni,  
matur kang para ji,  
antekna rumuhun.
7. Lamun Kakang Prabu angemasi,  
kasambut ing pupuh,  
pesthi iki patenana kabeh,  
lamun kakang prabu kena urip,  
yekti ingsun sami,  
marang sira manut.
8. Raden Ambyah mesem ngandika ris,  
iya yen mengkono,  
Yayi Maktal warangkakna kabeh,  
wus binekta sagunging narpati,  
mring wong Ngalabani,  
kinunjara sampun.
9. Samya sinung inuman lan bukti,  
sagung para katong,  
samya gawok mulat ing wadyane,  
wau sinatriya Ngalabani,  
turasing prajurit,  
dene kongsi nungkul.
10. Kawarnaa Prabu Umarmadi,  
kang nandhang wirangrong,  
tanbüh-tanbuh semana solahe,  
pra dipati tan ana kumecit,  
samya aningali,  
dukane Sang Prabu.
11. Kadya saradula asisiwi,

lami tan ambadhog,  
kinunjara tumon ing mangsane,  
tanbuhan solahira tana mijil,  
mangkana Sang Aji,  
kadya geya esuk.

12. Nengna dalu kawarnaa enjing,  
Raden Ambyah miyos,  
mring payudan gumuruh balane,  
tata munggeng kanan miwah kering,  
ngrasuk busanadi,  
makutha bra murub.
13. Sakathahe sakaprabon jurit,  
sadaya wus kamot,  
neng dipangga tinitihan age,  
parisira wus mungguh ing kering,  
bala ing Kohkarib,  
surake gumuruh.
14. Kang dipangga binusanan adi,  
pun sebrang kawuron,  
gadanira wrat sewu katine,  
asusumbar endi kang prajurit,  
saparep ngemasi,  
papagena ingsun.
15. Iya iki prabu ing Kohkarib,  
Umarmadi ingong,  
anak Umarekrab ratu gedhe,  
kasub ing prang pilih kang tumandhing,  
payo metuwa glis,  
anak wong kukuwu.
16. Apa kemat polahmu ngajurit,  
ambanda pra katong,  
ya bandanen iki bongkotane,  
menek mati dening gada mami,

anaa sakethi,  
kehe ing umurmu.

17. Mangsa luputa ing asta mami,  
sahing gadaningong,  
ngungsi ngendi marang panggonane,  
angungsia ring dhasaring bumi,  
kacandhak ing mami,  
ngungsia ing gunung.
18. Nora wurung manira unggahi,  
ngungsiya maring rong,  
ingsun rogo h nadyan lak-lakane,  
ing naga geng pesthi ingsun usir,  
ngungsiya jaladri,  
tan wurung sun kebur.
19. Raden Ambyah wau duk miarsi,  
saksana amiyos,  
Kalisahak tinitihan age,  
gagamane kamot neng turanggi,  
gada ingkang saking,  
putreng Kebar sampun.
20. Munggeng asta kanan wus cinangking,  
parise sosodhog,  
sampun mungguh ing asta keringe,  
prapteng rananggana sampun panggih,  
angling Umarmadi,  
lah sapa sireku.
21. Anauri iya ingsun Amir,  
kang arsa sira jor,  
Sri Narendra asuka gujenge,  
sira iki dene endhek cilik,  
misih anom pekik,  
widigdayeng satru.

22. Ngur nungkula eman yen ngemasi,  
ngabdiya maringong,  
pesthi sira ingsun gawe isen,  
ing wijowan palowani rukmi,  
sun kon anglurahi,  
kabeh balaningsun.
23. Raden Ambyah sugal denirangling,  
lah payo Sang Katong,  
tekakena sedyanira age,  
apa ingkang aneng ing sireki,  
Sang Prabu Marmadi,  
sugal denya muwus.
24. Nora kena sun eman Si Amir,  
teka kudu wangkot,  
tadhahana gadaningsun kiye,  
mangsa wurunga sira ngemasi,  
amuter gadaglis,  
musus kadya lesus.
25. Asambata wong tuwamu kalih,  
tan wurung macothot,  
gya tumempuh sang nata gadane,  
paris waja kang kinarya tangkis,  
mubal metu geni,  
kantar-kantar murub.
26. Kalisahak jinjang sukunyanjrit,  
anglumba kapengkok,  
Umarmadi asenggak gujenge,  
alah ajur sira awor siti,  
katingalan meksih,  
lan turangganipun.
27. Asru mojar sang nateng Kohkarib,  
urip si mengkonok,  
ingsun nyana ajur lan kudane,

Raden Ambyah anauri aris,  
tan kalakon mati,  
yen pangeraningsun.

28. Arumeksa marang awak mami,  
kaya meksih tanggon,  
mara sira anggadaa maneh,  
Umarmadi asru denirangling,  
payo padha janji,  
yen kasoran pupuh.
29. Yen tan mati payo padha ngabdi,  
saha bala katong,  
nglurahana sabalane kabeh,  
Raden Ambyah anauri aris,  
karsanta kadyeki,  
manira anurut.
30. Sru ngandika sang nateng Kohkarib,  
malesa maringong,  
anggadaa ingsun icipane,  
iya ingsun walesira mangkin,  
kudhunga den becik,  
waja parisamu.
31. Ngayataken gada sira saking,  
putreng Kebar gupoh,  
apan sewu kati mas bobote,  
sigra kudhung sang nateng Kohkarib,  
nulya den ayati,  
gada geng tumempuh.
32. Sarwi ngadeg luhuring turanggi,  
denira amupoh,  
tempuling gada sareng parise,  
mubal geni wau Sri Bupati,  
babalunge osik,  
kang satus rongpuluh.

33. Males malih sang Prabu Marmadi,  
gadanya tumempoh,  
rame gada-ginada karone,  
Raden Ambyah ngadeg neng turanggi,  
sarwi sira babit,  
ing walikatipun.
34. Dyan malumpat mring kumbaning esthi,  
jinejeg malopor,  
Umarmadi kalumah tibane,  
jajanira sigra denanciki,  
Umarmaya prapti,  
sarwi bekta tangsul.
35. Wong Kohkarib samya anulungi,  
sumedya angrampog,  
mring Wong Menak sang nata tan aweh,  
sarya ngawe lah mundura sami,  
ajana nulungi,  
dimene wakingsun.
36. Wus tinalen Sang Prabu Marmadi,  
gara-gara awor,  
darajate narendra katalen,  
pancawora awor riris krikil,  
gumludhug kang wukir,  
truh awu lan lesus.
37. Samya kondur kang amangun jurit,  
kalebus sakeh wong,  
sapraptane pakuwon wadyane,  
Raden Ambyah alon denirangling,  
maring Umarmadi,  
ngucapa sireku.
38. Kalimah kalih panutan adi,  
Nabi Brahim kaot,  
Umarmadi sampun ngucapake,

duk samana sampun den uculi,  
Prabu Umarmadi,  
mring Wong Menak suyud.

39. Bagendhambyah lingira amanis,  
sagung para katong,  
Yayi Maktal gawanen marene,  
wus binekta kinen anguculi,  
prapta ngucap sami,  
agama linuhung.
40. Samya ngraup pada genti-genti,  
sagung para katong,  
sampun samya pinisalin kabeh,  
Umarmadi wus kinen alinggih,  
celak ing Sang Amir,  
munggeng palowanu.
41. Gya parentah prabu ing Kohkarib,  
mring sagung pra katong,  
utusana sira dhewe-dhewe,  
mring sakehing jajahan nagari,  
salina agami,  
lan ingsun wus nungkul.
42. Mring Sang Amir prawira dimurti,  
digdayeng palugon,  
kang parari sandika ature,  
sang Amir sru asih mring Marmadi,  
kinen ngudaneni,  
kabeh wadyanipun.
43. Para nata satriya dipati,  
punggawa wus kinon,  
manut maring Umarmadi kabeh,  
tur sandika wadyanira sami,  
tan lengganeng kapti,  
jumurung sakayun.

44. Liya saking satriya Nglabani,  
Umarmadi katong,  
aprasasat mring Amir anggepe,  
tan kakalih lan wiradimurti,  
pangangkahiramir,  
saudara tuhu.
45. Warna mirip lir sadulur yekti,  
nunggil yayah enggon,  
namung kantun mancorong cahyane,  
pan Wong Menak manis amrak ati,  
putreng Ngalabani,  
kirang cahyanipun.
46. Lamun datan katingalan kalih,  
kathah wong kadudon,  
samya ngaran puniku gustine,  
lamun Wong Menak datan kaeksi,  
putreng Ngalabani,  
den arani iku.
47. Miwah kadang kang sawelas sami,  
ngaken kadang anom,  
maring putra Ngalabani kabeh,  
cipta tunggal lan sayayah bibi,  
tuwin sang dipati,  
ing Mekah amundhut.
48. Putra tuhu kadya genya ngukir,  
maring prawiranom,  
kadya Mekah ing wutah getihe,  
yata ingkang wau kang winarni,  
sagung wadya nuli,  
ingundhangan sampun.
49. Bubar saking ing pakuwon sami,  
kondur angadhaton,  
atengara gong beri arame,

budhal saking pakuwon wadya tri,  
lir sela blekithi,  
lampahe adulur.

50. Upacaranira langkung asri,  
sagung para katong,  
tunggul sami dadya panengere,  
lan kakandha daludage asri,  
kadang ing Kohkarib,  
kakanthen ing laku.

## XVII. SANG PRABU MEDAYIN UTUSAN NIMBALI SANG AMBYAH

### KINANTHI

1. Wong Mekah jejel supenuh,  
prasamya aniningali,  
maring ratu anyar prapta,  
kang mentas kasoran jurit,  
andulur nitih dipangga,  
para kadang ing Kohkarib.
2. Balane tan keneng etung,  
wahana awarni-warni,  
kadya belah bumi bengkah,  
dening bala ing Kohkarib,  
ing marga tan winursita,  
wus prapta ing pancaniti.
3. Dyan karya dununganipun,  
sagunge para narpati,  
nateng Kohkarib akarya,  
kutha kakojor wus dadi,  
mantri Kohkarib sadaya,  
awisma neng puser bumi.
4. Miwah wadyeng Yaman sampun,  
Ngabesah lan Ngalabani,  
samya karya kutha pandhak,  
bala mantri angubengi,  
wus arja sami sakala,  
ing Mekah wong tanpa wilis.
5. Wong Menak ing siyang dalu,  
datan asare ing puri,  
remen aneng pasanggrahan,  
nunggil lan para narpati,

- langkung sihira mring wadya,  
abujana siyang latri.
6. Samya suka ing wadya gung,  
tan ana ingkang apurik,  
gusti asih ing kawula,  
kawula asih ing gusti,  
langkung denya dana darma,  
lumintu denya paparing.
  7. Kang rama suka tyasipun,  
miyat mring putra Sang Amir,  
sineba ing para nata,  
den luluti marang dasih,  
asih marma pawong sanak,  
mangkana ciptaning galih.
  8. Iki baya tulusipun,  
arja ing Mekah nagari,  
nora ana kira-kira,  
keringan ing mancabumi,  
acipta yen katarima,  
panedhanireng Hyang Widhi.
  9. Neng Kakbah sawelas tengsu,  
ing mangkya wus angiseni,  
kayuwananing prawira,  
sira sang wiradimurti,  
akathah jujulukira,  
wong Menak Jayadimurti.
  10. Kalana Anjayengsatru,  
iya Sang Retnaning Jurit,  
Sang Palugon Palugangsa,  
Wong Menak Amir Mukminin,  
apaparab Jayenglaga,  
mangkana ingkang winarni.

11. Wus tebih ing kasubipun,  
kaonang-onang ing jurit,  
kasumbung ing bumintara,  
ing Mekah ana prajurit,  
ngalahaken para nata,  
angreh praja kanan kering.
12. Akeh para ratu nungkul,  
samya kasoran ing jurit,  
mangkana ingkang winarna,  
nagara nata Medayin,  
ratu baudhendha miwah,  
binathara nyakrawati.
13. Angreh ratu kawanewu,  
ratu ingkang mancabumi,  
dadya ratu pinituwa,  
panembahaning para ji,  
prasami angalap sawab,  
sakathahing para aji.
14. Mangkana sira Sang Prabu,  
enjing duk miyos tinangkil,  
andher kang para narendra.  
punggawa lan pradipati,  
pangalasan hulubalang,  
jejel neng ngarsa narpati.
15. Miwah sira Betaljemur,  
wus munggeng keringing aji,  
tuwin Kyana Patih Bestak,  
wus aneng ngarsa Sang Aji,  
tanapi kang para putra;  
santana jajare linggih.
16. Kya Patih Bestak wotsantun,  
kawula miarsa warti,  
anake wong kuwu Mekah,

wonten medali prajurit,  
sampun ngasoraken aprang,  
mring satriya Ngalabani.

17. Nateng Yaman sampun nungkul,  
sabab kawon ingajurit,  
lan pejahe putra Kebar,  
Aksam sawadyane tapis,  
atanapi Sri Narendra,  
ratu agung ing Kohkarib.
18. Ing samangke sampun nungkul,  
sakadange Umarmadi,  
sadaya sampun kabala,  
angandika Sri Bupati,  
dene kalintang apelag,  
tuturira iku patih.
19. Luwih pantes-pantesipun,  
nagri ing Medayin iki,  
duweya wong kang mangkana,  
kang kaya wartanta patih,  
Betaljemur nambung sabda,  
pukulun Sri Narapati.
20. Pun Kalana Jayengsatru,  
inggih pun Jayadimurti,  
saged makaten punika,  
sinten ingkang andarbeni,  
inggih kagungan narendra,  
Ki Patih Bestak nambung).
21. Linyok sira Betaljemur,  
yen ngidhepa maring gusti,  
pagene nora na seba,  
marang nagri ing Medayin,  
tetelarsa araratyan,  
anake si kuwu iki.

22. Tan rumangsa cilikipun,  
anake si dhukuh iki,  
ngendelaken yen digdaya,  
sin ngidhep prajeng Medayin,  
wus entek temen wong lanang,  
mulane amejanani.
23. Jamak cucuwere ngrungu,  
yen ing nagari Medayin,  
ana ratu binathara,  
pangidhepan para aji,  
pagene nora na seba,  
pan arep madeg narpati.
24. Ngorakaken tegesipun,  
ngadekaken yen winani,  
ingsun prawira digdaya,  
mendhak kalingan kaeksi,  
Betaljemur saurira,  
aywa mangkono Kya Patih.
25. Durung mangsane wawadul,  
mulane Ambyah tan prapti,  
dene nora tinimbalan,  
rumangsa lamun wong cilik,  
sang nata alon ngandika,  
angur sun undanga patih.
26. Sapa prayogane mlaku,  
kang ngembani surat mami,  
Rekyana Patih tur sembah,  
yen ta wontena Sang Aji,  
inggih pun Raja Kistaham,  
langkung prayogi lumaris.
27. Samangkya paduka utus,  
Kistaham bedhah nagari,  
angremet raja ing Kangkan,

de kang prayogi tinuding,  
mangke pun Urumuskaran,  
asugih bala prajurit.

28. Dene lamun datan purun,  
konganga ambilaeni,  
balanipun wolung leksa,  
ngandika Sri Narapati,  
iya patih wus prayoga,  
amundhiya surat mami.
29. Kinon asanengga sampun,  
sira Sang Prabu ing Turki,  
sang Raja Urumuskaran,  
wus munggeng ngarsa Sang Aji,  
sampun tinampan kang surat,  
bubukane animbali.
30. Kya Patih Bestak amuwus,  
iku karsane Sang Aji,  
yen Si Ambyah tan lumampah  
banjura sira taleni,  
iriden mrene babandan,  
katura Sri Narapati.
31. Urumuskaran umatur,  
inggih sampun walang galih,  
kalamun boten lumampah,  
yekti kawula taleni,  
pinten kadare wong Mekah,  
dangu mecah jeram manis.

## XVIII. UTUSAN MEDAYIN SAMPUN DUMUGI ING MEKAH

### DHANDHANGGULA

1. Budhal saking nagari Medayin,  
sira sang Urumuskaran,  
wong wolung leksa balane,  
tunggul sapayung agung,  
lan kakandha daludag asri,  
ingkang lumakyeng ngarsa,  
punggawa gung agung,  
gagamane mancawarna,  
sira sang Urumuskaran nitih esthi,  
asri kang upacara.
2. Balanira saking nagri Turki,  
wau sira sang Urumuskaran,  
saking Turki pinangkane,  
suwiteng neng Medayun,  
mangka dadi isen-isening,  
wijoan paloretna,  
dadya punggawa gung,  
minangka adining praja,  
lampahira ginelak siyang lan latri,  
kendel aso kewala.
3. Lampahira tan kawarneng margi,  
prapteng ampeyanira ing Mekah,  
wong desa prasamya gege,  
dening gagaman rawuh,  
lampahira ngaget-ageti,  
kapirsa jroning kutha,  
yen ana wadya gung,  
duta nata binathara,  
duk samana sang Wiradimurti,  
siniwi para nata.

4. Sigra matur Sang Guritwesi,  
kula myarsa wonten duta nata,  
saking Medayin lampah,  
ambekta punggawa gung,  
kang lumampah prabu ing Turki,  
wasta Urumuskaran,  
dene lampahipun,  
dinuta maring paduka,  
ingandikan sebaa dhateng Medayin,  
nembah angestu pada.
5. Nanging duta kawula watawis,  
ngandhut wisa pun Urumuskaran,  
apralebda ing ature,  
dene ta lampahipun,  
datan mirib animbalni,  
gawa gelar sapapan,  
kadya wong anglurug,  
pasemone lampahira,  
kinopowa kadi banjur analeni,  
mulih anggawa bandan.
6. Pan jamake wong animbalni,  
wong titiga kapat lawan layang,  
sapa wani ing lakune,  
dutane ratu agung,  
sapa wani anyendhalani,  
balik yen nora prenah,  
kang ati kumukus,  
lah iya tatane sapa,  
wong nimbali narendra ingkang tinuding,  
gawa gelar sapapan.
7. Yen suwawi sinandi ing jurit,  
arinta pun Maktal dinutaa,  
ambekta wadya balane,  
turangga kawan ewu,

sampun mawi bekta wadyalit,  
mung mantri lan punggawa,  
ngalang neng wanagung,  
prapta dipun rampasana,  
sanadyanta umanjing mring Mekah ngriki,  
yen sampun barundhulan.

8. Mugi sampun linamban ing kapti,  
karsanipun sang nata punika,  
asandipraneng dutane,  
dhasar nedya pupucuk,  
tan kemutan lingseming aji,  
sanadyan acocorah,  
apan ratu agung,  
mangsa kiranga paekan,  
paekane narendra sarameng kardi,  
nistha asiya-siya.
9. Sampun tuan kungkulon ing wadi,  
kang kacekan wigatining bahya,  
kang duta apralebdang ngreh,  
Raden Maktal sumambung,  
mau Kakang wongingsun prapti,  
saking buburu miyat,  
wadyane dutagung,  
tan leres karsane Kakang,  
manira kang angalang-alangi margi,  
Jayengmurti tan arsa.
10. Nulya matur sang nateng Kohkarib,  
yen suwawi pinapag ing yuda,  
sampun tanggel ing awone,  
carakanya ginempur,  
asisiku akarya runtik,  
benjang dados lurugan,  
kawula kang magut,  
mengsa babangkan Nusirwan,

sagendhinge ngayuda kapanggyeng pundi,  
Jayengrana tan arsa.

11. Angandika Menak Jayengmurti,  
kabeh iku manira tan arsa,  
amrih welehe dutane,  
sasuka-sukanipun,  
nadyan ngirid bala rong kethi,  
ing Mekah den kebaka,  
aywa na kang ganggu,  
macucu Ki Umarmaya,  
kethip-kethip ngucemil mele mundelik,  
malembung latah-latah.
12. Umarmaya saksana lumaris,  
ngangge bebed amoh kalung tampar,  
awedhak angus awake,  
arsa amindhha hantu,  
prapteng wana lelerong kunir,  
apu lan awar-awar,  
kang ginawe raup,  
sekar teleng sumpingira,  
Umarmaya dadi cucuplaking bumi,  
andheng-andhenging jagad.
13. Kandhanira tan kena ing pati,  
Umarmaya benjang kenging pejah,  
sareng kaliyan jagade,  
warnanen lampahipun,  
sila aneng satengah margi,  
sisirig cikrak-cikrak,  
malangkrik malembung,  
adarbe pagunan sira  
Umarmaya pring sosorot isi geni,  
urube amarongan.
14. Lampahira wadya ing Medayin,  
dupi prapta satengahing wana,

samya ngandheg ing lampahe,  
 denya ningali hantu,  
 cikrak-cikrak tengah wanadri,  
 macucu akakayang,  
 anglenggak malembung,  
 wong ningali samya latah,  
 pan kapingkel sadaya binalang geni,  
 malocot bubar-bubar.

15. Akeh gosong akeh angemasi,  
 samya bubar anglut maring wuntat,  
 prapta wau ing lampahe,  
 Urumuskaran muwus,  
 ana paran gejer ing ngarsi,  
 matur para punggawa,  
 gusti wonten hantu,  
 sang nata alon ngandika,  
 lah piyaka manira arsa udani,  
 yata Marmaya prapta.
16. Lincak-lincak sarta kirig-kirig,  
 amalembung sarta akakayang,  
 angucemil mele-mele,  
 Umuskaran andulu,  
 suka-suka apijet-ati,  
 kapingkel mangap-mangap,  
 binalang ing watu,  
 dhumateng Ki Umarmaya,  
 bebecike Medayin apa mung iki,  
 baya larang manusa.
17. Angleresi cangkeme kang keni,  
 untune gogrok ingkang titiga,  
 tiba saking dipanggane,  
 Marmaya nya lumayu,  
 langkung sukanira ing galih,  
 dene antuk wiwirang,

wajane ing ratu,  
yata ingkang kawuwusa,  
sang dipati ing Mekah Ngabdulmuntalip,  
sampun miarsa warta.

18. Praptaning duta nabda mring siwi,  
sira mengko kulup kadhayohan,  
nateng Medayin dutane,  
sadina iki rawuh,  
kang den utus prabu ing Turki,  
kariya panangkilan,  
ngong dhewe amethuk,  
wus tata suguh pikulan,  
gogotongan budhal saking pancaniti,  
prapta jawining kitha.
19. Raja Urumuskaran ningali,  
yen sang adipati Mekah mapag,  
anggili pipikulane,  
kendel ingkang balagung,  
ambalabar wadya Medayin,  
Sang Nata langkung gerah,  
neng plangkan pinikul,  
milanya tan nitih liman,  
waja gogrog gerah lathi binalang ing,  
hantu saba ing wana.
20. Urumuskaran suka tan sipi,  
lamun sang dipati Mekah mapag,  
kang sarta lawan suguhe,  
tundhuk sang Arya Ngabdul,  
saking kuda lumakyeng siti,  
Raja Urumuskaran,  
tedhak saking tandhu,  
lumurug Sang Adipatya,  
nyandhak asta sarya lon angancarani,  
anger paduka lenggah.

21. Ngisoring tarub taratag asri,  
Ki Dipati ature ngrerepa,  
katuran pambage angger,  
punika segahipun,  
abdi dalem ing Mekah kedhik,  
supados kadhahara,  
jajampining lesu,  
nauri Urmuskaran,  
inggih paman kawula tarima kasih,  
paman kula wawarta.
22. Meksih tontonen kula puniki,  
tiyang kathah samya kasusahan,  
duk aneng wana geng gone,  
binarandu ing hantu,  
hantu siji kalangkung julig,  
wadya samya abubar,  
kabujung ing hantu,  
gya nempuh ngarsa manira,  
manggal watu unto manira kang keni,  
gigal ingkang titiga.
23. Matur alon wau Sang Dipati,  
inggih kathah tiyang kasusahan,  
ing waneki keh hantune,  
Raja Muskaran ngungun,  
hantu apa ing Mekah iki,  
nulya samya dhadharan,  
lan punggawanipun,  
binage sawadya bala,  
sasampuning lajeng denira lumaris,  
manjing kitha ing Mekah.
24. Sapraptane panangkilan aglis,  
Raja Urumuskaran cinandhak,  
kinanthi wau astane,  
maring sang dipatya wus,

den inggahken ing palowani,  
Raja Urumuskaran,  
cingak denya ndulu,  
panangkilan jejel nata,  
ting prangangah lan wonten satriya pekik,  
sumunu cahyanira.

25. Osiking tyas narendra ing Turki,  
endi baya ingkang aran Ambyah,  
dene jumbuh ratu kabeh,  
nora kaduga ingsun,  
sun paringna mring satriyeki,  
ingkang pekik kalintang,  
dene meksih timur,  
durung mangsa digdayaa,  
wasananya ataken mring Sang Dipati,  
pundi paman pun Ambyah.
26. Sang Dipati matur saha nuding,  
lah punika angger ngarsa dika,  
abdinta meksih arare,  
cublak tur mudha punggung,  
datan mantra-mantra nagari,  
wantuning padhekahan,  
sunya kraminipun,  
Raja Muskaran tumingal,  
mring Kalana Jayengmurti langkung asih,  
arum denya ngandika.
27. Daweg yayi surate Sang Aji,  
ing Madayin ratu binathara,  
mara tampanana age,  
sirambyah gya tumurun,  
anampani suratira ji,  
tinggil neng mastaka,  
anulya tiniyup,  
awanti-wanti ingaras,

pinidihken ing embun-embun ping kalih,  
binuka sinukmeng tyas.

28. Bubukane penget layang mami,  
Sri Nata gung ratu binathara,  
Sang Maha Nusirwan angreh,  
amisesa praja gung,  
ratu pinituweng prajadi,  
ingkang sinembah-sembah,  
ratu patang ewu,  
lawan mantri wolung leksa,  
punggawa kang digdaya angulah jurit,  
saleksa lan sanambang.
29. Pangalasan tigangsamas sisih,  
dhumawuha marang pakenira,  
satriyeng Mekah wiyose,  
Kalana Jayengsatru,  
kang digdaya wiradimurti,  
sira iku sebaa,  
nembaha maringsun,  
kamantyan sun arsa wikan,  
maring sira duk ingsun miarsa warti,  
dene kaonang-onang.
30. Sura pranengbaya awigati,  
lamun sira sumiwi maringwang,  
balamu gawanen kabeh,  
sakehing para ratu,  
padha sembahena mring mami,  
lan sira awismaa,  
nagara Medayun,  
dadiya satriyaningwang,  
lamun ora mengkono ingsun arani,  
arep raraton sira.
31. Lamun sira sida mring Medayin,  
lawan kabeh iku balanira,

ing besuk sun gawe isen,  
wijoan palowanu,  
amuktiya aneng Medayin,  
tamat titi kang surat,  
sirambyah tumungkul,  
alon mangrepa turira,  
langkung nuwun dhawuhe pangandika Ji,  
pinocung ing mastaka.

## **XIX. SANG AMIR DERENG PURUN SOWAN DHATENG MEDAYIN**

### **PUCUNG**

1. Wus alami,  
kularsa suwiteng prabu,  
ingkang binathara,  
nanging dereng angsal margi,  
wong punapa ulun tan darbeya cipta.
2. Asuwita, maring narpati Medayun,  
wus pinaring serat,  
ginadhang dadya isening,  
ing wijoan pan sarwi ingela-ela.
3. Nanging mangke, kawula anuwun bendu,  
dereng arsa sowan,  
dhumateng Sri Narapati,  
de paduka ambekta gelar sepapan.
4. Animbali, dede patrape puniku,  
kawula tan seba,  
sakarsanta amastani,  
yen tan mawi pratandhane sang pandhita.
5. Betaljemur, sacorekan seratipun,  
sawancine prapta,  
kawula lajeng lumaris,  
asumiwi mring Medayin saha bala.
6. Nateng Turki, lingira amanis arum,  
tan antuk karywengwang,  
sira ingsun kang nimbali,  
yen tan arsa kaya ngapa ing lirira.
7. Nulya ingkang, pundhutan mijil lumintu,  
supenuh mawarna,

bujana anginum sami,  
Sanga Prabu kalangkung sinuba-suba.

8. Ingaturan, pisalin busaneng luhung,  
tinut ing sakarsa,  
malah supe yen tinuding,  
ing Sang Nata wus antuk ing kawan dina.
9. Asaningga, wadyanira pepak sampun,  
aneng panangkilan  
lengkah lan para narpati,  
pan warnanen wau ta Ki Umarmaya.
10. Arsa asu- suguh mring Raja Urumus,  
Karan tadhahan mas,  
sasabe taluki kuning,  
angrepepeh mendhak-mendhak prapteng ngarsa.
11. Kethip-kethip, ngucemil lajeng malembung,  
nateng Turki suka,  
gujengira ya wong iki,  
kaya memper rupane hantu kang ngadhang.
12. Neng wana gung, rupane ebleg wong iku,  
kacek mung manungsa,  
hantu puniku dhedhemit,  
lan Wong Menak alon pangandikanira.
13. Iku apa, Marmaya aris umatur,  
kawularsa segah,  
mring Urmuskaran Sang Aji,  
mendhak ngarsa ngaturken lajeng tinampnan.
14. Urmuskaran, langkung suka jroning kalbu,  
ciptaning wardaya,  
baya isi ingkang adi,  
ingungkaban jali lan kecik kewala.

15. Ngunguning tyas, gumer ingkang para ratu,  
Marmaya nya kesah,  
sigra pamit Rajeng Turki,  
budhal saking lun-alun nagri ing Mekah.
16. Untabipun, swaraning bala gumuruh,  
ginelak lampahnya,  
langkung rusuh wong Medayin,  
geger sami paminggir desa kang kambah.
17. Sampun laju, sapraptanireng wana gung,  
wau ta Marmaya,  
lawan narendra Kohkarib,  
ngadhang marga ngandhegi tiyang lumampah.
18. Malangkerik, ing Kohkarib Sanga Prabu,  
Marmaya amasang,  
sosorote angenani,  
sinawatken mring wong akeh kagegeran.
19. Awakira, malocot akagum-kagum,  
Rajeng Turki tanya,  
anapa gegere iki,  
matur ingkang dinangu nggih pun Marmaya.
20. Angadhangi, neng marga amindha hantu,  
lan Prabu Marmadya,  
langkung susah Rajeng Turki,  
Umarmaya asru ing pamuwusira.
21. Wong Medayin, sapa arep nora lampus,  
gaman lan busana,  
sangu tinggalana sami,  
iku padha srahena kabeh maringwang.
22. Raja Turki, myarsa kekes manahipun,  
tedhak sing dipangga,  
sinungan turangga estri,  
dhinedhelan sadaya busananira.

23. Umarmadi, briga-brigi tandangipun,  
Urmuskaran mulat,  
sarirane rumab sami,  
wadyanira punggawa wus dhinedhelan.
24. Marmaya nging, pupukuk iku lakumu,  
de arsa nyekela,  
mring Wong Menak tan nimbali,  
sayektine mengko iki rasakena.
25. Asru mojar, ing Kohkarib Sanga Prabu,  
ngandelaken ika,  
sugih bala kang prajurit,  
anggigila karepmu marang Wong Menak.
26. Pa mangkono, tatane iyeng-iyengmu,  
nora nganggo patrap,  
wong nimbali nggawa baris,  
lah budiya kene tandhing lawan ingwang.
27. Sun dhedheli, dene sira nora ngamuk,  
Rajeng Turki ngrepa,  
Marmaya bikut dhedheli,  
mring wadyane sira sang Urumuskaran.
28. Nateng Turki, amuwus minta sihipun,  
leres karsanira,  
manira luput kepati,  
apuranta kawula nedha gesang.
29. Kabeh kinon, muliha yen wus barundhul,  
sira Umarmaya,  
gaman samya denbongkoki,  
pedhang gandhi cacap slukun alugora.
30. Myang busana, sangune baresih sampun,  
mulih barundhulan,  
wong wolung leksa prasami,  
Umarmaya lawan Prabu Umarmadya.

31. Samya numpuk, sandhangan ngenteni batur,  
wong rongatus kurang,  
kathah ingkang den tilari,  
aneng wana enjinge pan winangsulan.
32. Prapteng Mekah, Marmaya ika panuju,  
Sang Dipati lagya,  
mituturi mring Sang Amir,  
kaya ngapa kulup sira tinimbalan.
33. Asebaa, puniku pan ratu agung,  
kedhep kang pra raja,  
pasthi wadul Rajeng Turki,  
datan wurung pasthi bakal mumungsuhan.
34. Yen mungsuha, ing Medayin nagri agung,  
keh wewengkonira,  
ratu gung binatharadi,  
nyakrawatining rat ratu pinituwa.
35. Pangidhepan, sakeh ingkang para ratu,  
sireki welasa,  
mring wong tuwanira Kaki,  
lamun seba tan mijil dukaning nata.

## **XX. UTUSAN MEDAYIN WANGSUL LAJENG SOWAN PRABU NUSIRWAN**

### **MIJIL**

1. Ratu Yunan Ngerum lawan Mesir,  
angidhep ing kono,  
ing Budalsah lan Soka rajane,  
ratu gedhe-gedhe tur prajurit,  
prandeneku sami,  
kabeh padha nungkul.
2. Ingkang putra pan umatur aris,  
tan nedya mangkono,  
kula namung ngentosi dutane,  
nggih pun bapa Betaljemur yekti,  
yen nedya wani,  
mungsuh lan Sang Prabu.
3. Awewaha pan sewu negari,  
tan gumingsir ingong,  
ing Medayin dupeh ratu gedhe,  
angrehaken kathahing narpati,  
kawula tan ajrih,  
nanggulang ing pupuh.
4. Denya rembag sadina sawengi,  
gantya winiraos,  
Rajeng Turki wau ta lampahe,  
sapraptane nagari Medayin,  
Prabu Nyakrawati,  
siniweng wadya gung.
5. Narendra gung-agung samya nangkil,  
pepak ngarsa katong,  
samya kaget wau ing praptane,  
Raja Urumuskaran abarindhil,

sawadyane sami,  
risak sadayeku.

6. Patih Bestak nembah matur aris,  
marang sanga katong,  
kula nuwun madya batharane,  
lah punika pinanggihireki,  
yen gega aturing,  
gih pun Betaljemur.
7. Damel lingsemira Sri Bupati,  
utusaning katong,  
Urumuskaran iku ratu gedhe,  
dadi duta temah den dhedhel,  
sawadyane sami,  
pan kongsi barundhul.
8. Sanga prabu sakalangkung runtik,  
angandika dhoso,  
yen ginugu si pijajar kiye,  
manggung kalingseman awak mami,  
Betaljemur uning,  
yen runtik Sang Prabu.
9. Mesem denya anambungi aris,  
Bestak tan mangkono,  
dudu Wong Menak ingkang manggawe,  
para batur kang sikara sami,  
ngandika sang aji,  
Urmus kang dinangu.
10. Sapa ngrampas matura kang yekti,  
Urmus matur alon,  
Umarmadi lan Umarmayane,  
genya ngadhang aneng ing wanadri,  
mung tiyang kakalih,  
tanpa mawi batur.

11. Kula mawi dipun jar-ujari,  
wuwuse mangkono,  
iku luput sira ing patrape,  
animbalu teka nggawa baris,  
apa ing Medayin,  
tan ana wong dhawuk.
12. Wus tan ana punggawa kang becik,  
caramu mangkono,  
lamun tuhu cundakaning rajeng,  
pasthi lamun keringan ing margi,  
sapa ingkang wani,  
utusaning ratu.
13. Pangalasan bae lawan tulis,  
tan susah kaprabon,  
iku pasthi Wong Menak sebane,  
kang nimbali teka nggawa baris,  
nimbalu mung lair,  
batine anglurug.
14. Rampasana kabeh iku sami,  
ajana kang brojol,  
lamun bangga tumpesana kabeh,  
iya iku legete si joprit,  
arsa anyidrani,  
marang gustiningsun.
15. Sri narendra pandangune malih,  
sepira kehingwong,  
ingkang mbegal angandhang margane,  
namung tiyang kakalih galintir,  
nateng ing Kohkarib,  
lan Umarmayeku.
16. Balanipun tan wonten kaeksi,  
ngandika sang katong,  
Bestak saking sira wiwitane,

pan dadine panggawe puniki,  
teka anglingsemi,  
gya Bestak tumungkul.

17. Rajeng Turki nembah matur malih,  
dhuh Gusti Sang Katong,  
pan makaten pun Ambyah ature,  
yen sayekti karsaning narpati,  
tan susah nggo baris,  
pasthi seba ingsun.
18. Nadyan lare pan namung satunggil,  
yekti nurut ingong,  
Bapa Betaljemur lan surate,  
sacorekan tandhane yen yekti,  
sun seba tumuli,  
marang Sanga Prabu.
19. Ngandika Ion Prabu Nyakrawati,  
Bapa den kalakon,  
timbalana den teka marene,  
Si Kalana Anjayadimurti,  
lamun nora prapti,  
kuthane sun gempur.
20. Sun dadekken awun-awun benjing,  
lan sira katempoh,  
tur balila sira iku mangke,  
tur sandika Betaljemur aglis,  
tedhak sing ngarsa Ji,  
lampahe anduduk.

## **XXI. PATIH BETALJEMUR NIMBALI SANG AMIR**

### **DUDUKWULUH**

1. Sapraptane wisma sira Betaljemur,  
animbali ingkang siwi,  
Raden Wahas namanipun,  
ngarsaning rama wus prapti,  
Betaljemur ngandika lon.
2. Sira kulup maringa Mekah ngong utus,  
mondhongi kakanta Amir,  
mring nagara ing Medayun,  
keringa ing sira awit,  
tinimbalan mring Sang Katong.
3. Ingkang putra Raden Wahas nembah matur,  
inggih sandika Kiyai,  
ananging prayoginipun,  
wontena ingkang cinangking,  
rehning lami raganingong.
4. Tan pinanggih lan pun Uwa Arya Ngabdul,  
Muntalip kakanta Amir,  
mesem Arya Betaljemur,  
iya bener sira Kaki,  
nagara ing Mekah adoh.
5. Antenana Kulup pangupayaningsun,  
pan kakangira prajurit,  
menek durung duwe payung,  
kang luwih lan para aji,  
sun gawekne sutaningong.
6. Payungira bandera kalawan tunggul,  
ingkang pupucuk nagadi,  
lajeng mudhun Betaljemur,

maring pane pen semadi,  
amaladi ing Hyang Manon.

7. Betaljemur tuhu pandhita pinunjul,  
karamate andhatengi,  
denira akarya payung,  
warnane ngebat-ebati,  
tan kena dinuga ing wong.
8. Payung tunggul naga kantha usuk sewu,  
bandhera panata baris,  
ingapit karnaneng tunggul,  
ula-ulaning nagadi,  
cangkem mangap lir guwa jro.
9. Ilat ingkang nagendra lir paser agung,  
ing wau kang lidhah isi,  
papaesan pateng atus,  
kang paes punika isi,  
golek sewu ababadhong.
10. Golek sewu punika samya kakalung,  
jam alit samya kalinthing,  
agegentha nunggal sewu,  
mila yen katiyup angin,  
wurahan umyang kumrompyong.
11. Kapiarsa lalampahan pitung dalu,  
kadya mecahena kuping,  
dhandhan saetal gengipun,  
panjangipun anglangkungi,  
rinumpaka ing mas abyor.
12. Yen winekar satebane sawah sajung,  
naga makutha buka sri,  
panunggulira her laut,  
karna bandera sasupit,  
umbul-umbul neng gigithok.

13. Sinisikan ing nagendra ing mas tatur,  
tinopongan mutyara di,  
binintulu ing jumerut,  
urap-urape mas aji,  
rawis-rawis mutyarabyor.
14. Usuknya sri sinuji sotya mas tatur,  
sekar kanthil mas inganggit,  
nila widuri jumerut,  
sinelagan ing kikitir,  
yen tinon pating pancorot.
15. Sarawungan kang her geni netranipun,  
untu rangap mutyara di,  
gusi-gusinya mas murub,  
anglir brajatikna lungit,  
kadya ngalap jiwanning wong.
16. Aken Sang Hyang Diwangkara yen dinulu,  
duk mijil saking udadi,  
andipani mahameru,  
Betaljemur animbali,  
putra kang badhe kinongkon.
17. Angandika Wahas ana dayanipun  
lah iki gawanen Kaki,  
turna mring Amir kakangmu,  
kang payung tunggul nagadi,  
tan ana pra ratu nganggo.
18. Kang sayoga nganggo amung suteng ulun,  
prajurit lananging bumi,  
Kalana Anjayengsatru,  
pinasthi dening Hyang Widi,  
dadya prajurit kinaot.
19. Tan memekas maneh ngong mangkata gupuh,  
lawan iki layang mami,

aturna maring kakangmu,  
payung sampun den tampeni,  
wong satus ingkang anggotong.

20. Raden Wahas manembah umangkat sampun,  
ing marga datan winarni,  
ginelak lampuhe sampun,  
prapta ing Mekah nagari,  
panggih lan Jayengpalugon.
21. Sampun katur surat lawan payung tunggul,  
langkung suka Jayengmurti,  
Rahaden Wahas rinangkul,  
binuka bukaning tulis,  
penget iki suratingong.
22. Betaljemur pinituwa ing Medayun,  
katura ing anak mami,  
kang luwihi saking wakingsun,  
luwihi para pandhita di,  
saking wahyune Hyang Manon.
23. Kulup mungguh kang dadi pitutur ingsun,  
sapa wong kang arsa luwihi,  
cedhaka lan ratu agung,  
temah manggih guna sekti,  
dibya wirutameng kewoh.
24. Saking ratu kang mudhari nastapa gung,  
ing wusana manggih sekti,  
utamane jalma iku,  
suwitaa ing narpati,  
yen sinung karya kang abot.
25. Lamun sira lumaku maring Medayun,  
aja karo asta gusti,  
kagungane Sanga Prabu,  
padmasana manten rukmi,

kang binandhang Uksam kaot.

26. Putreng Kebar duk kalane andon pupuh,  
tumpes saking sira nguni,  
padmasana adi mau,  
keneng sira yogya mangkin,  
aturna maring Sang Katong.
27. Sampun titi kang rama ngandika arum,  
Kulup mangkata tumuli,  
iku pakone gurumu,  
ngandika Sang Jayengmurti,  
mring satriya kanthining bot.

## **XXII. SANG AMIR LAN PARA RAJA BIDHAL DHATENG MEDAYIN**

### **KINANTHI**

1. Undhangana para ratu,  
ingsun seba mring Medayin,  
yayi mas ing Parangteja,  
karyaa busaneng dasih,  
miwah kakang Tasikwaja,  
tuwin nata ing Kohkarib.
2. Angganjara mring wadya gung,  
dandana busana sami,  
lan barana wutahena,  
den warata wadya sami,  
nengna denira sanengga,  
cinarita ing sapta ri.
3. Sampurna sakaliripun,  
sigra aneteg tengari,  
kendhang gong beri sauran,  
gumuruh swaraning jalmi,  
mundhut songsong tunggul naga,  
wong agung Wiradimurti.
4. Gya binabar payung agung,  
tan ana kuwawa mandhi,  
namung satriyeng Ngabesah,  
Tohkaran ingkang wawangi,  
mandhi payung tunggul naga,  
trahing narendra linuwih.
5. Satriya nem birawa gung,  
Tohkaran prajurit luwih,  
wong agunge Parangteja,  
Raden Maktal matur aris,

kawtulantuk putra tuwan,  
duk prang pakebar rumiyin.

6. Punika nak-sanakipun,  
lawan Uksam kang ngemasi,  
nama Yusupadintara,  
rong atus balane meksih,  
yen pethuk atur kawula,  
rumeksaa ing turanggi.
7. Pun Kalisahak pukulun,  
dadya gamele prayogi,  
iya yayi sakarsanta,  
wus tinuduh Yusupadi,  
palongka wus rinakitan,  
kagungan nateng Medayin.
8. Kang rama lawan kang ibu,  
panguswanya wanti-wanti,  
sutengsun dipun prayitna,  
suwita maring sang aji,  
aywa tungkul ing kawiryan,  
sandika aturing siwi.
9. Wus samekta ing wadya gung,  
kadya robing jalanidhi,  
busana lir wukir padma,  
surem Sang Hyang Bagaspati,  
sigra aneteg tengara,  
budhal panganjuring baris.
10. Wong Ngalabani tinuduh,  
baris geng ambabarepi,  
wadyanira Raden Maktal,  
lir sekar sataman asri,  
nitih rata mas lalawak,  
ginarebeg para mantri.

11. Tigang leksa munggeng ngayun,  
saleksa kang munggeng wuri,  
Raden Maktal nitih rata,  
sumambung nateng Kohkarib,  
para ratu kawandasa,  
bala gung awarni-warni.
12. Umarmaya kang sumambung,  
saleksa ingkang prajurit,  
elet wadya parakadang,  
anggarebeg Jayengmurti,  
anitih pun Kalisahak,  
pinayungan tungkul asri.
13. Prapteng jawi kitha sampun,  
wutah kang bala ngebeki,  
anglarug lampahing bala,  
sadina-dina lumaris,  
Raden Wahas tan kena sah,  
lan wong agung Jayengmurti.
14. Putra Ngabesah pamayung,  
upacara den tindhiji,  
lurah gamel putra Kebar,  
sira Raden Yusupadi,  
asri gagaman ing wuntat,  
pangarsa prapteng wanadri.
15. Cinatur wolulas dalu,  
lampahe sang Jayengmurti,  
ujunging wana kancikan,  
talatah bumi Medayin,  
geger saisining wana,  
kablabaran baris miris.
16. Kathah kang samya lumayu,  
bantheng mong kidang lan kancil,  
warak liman miwah ula,

maring jurang iring-iring,  
bala gung pating balesar,  
samya angulari warih.

17. Mangkana Sang Jayengpupuh,  
ing saben dina asalin,  
titihan kuda dipangga,  
yen kalah anitih esthi,  
tunggil palana lalawak,  
Raden Wahas lan Sang Amir.
18. Kang wadya bala panganjur,  
samya tedhak tan lumaris,  
wonten margi sisimpangan,  
ingkang satunggil angering,  
satunggile ingkang nganan,  
kewran bala kang lumaris.
19. Wong agung Parangteja wus,  
tedhak saking denya nitih,  
mring ngarsa andangu wadya,  
pagene mandheg kang baris,  
kang dinangu aturira,  
wonten margine kakalih.
20. Gya nitih turangga mamprung,  
umarek marang Sang Amir,  
Rahaden Maktal tur sembah,  
mila dhedheg kang pangarsi,  
wonten margi sisimpangan,  
Rahaden Wahas nambungi.
21. Ingkang anengen puniku,  
marga ageng ingkang lami,  
nanging mangke sampun pejah,  
tan wonten purun margeni,  
mung kang kiwa ingkang kambah,  
margi kang dhateng nagari.

22. Nengen pejah dening wabru,  
buron ageng mangsa jalmi,  
ules abang lir sangkelat,  
agenge wonten saesthi,  
nanging panjang wabrunira,  
pitung cengkal winintawis.
23. Punika bandaran agung,  
pamajegane Ki Patih,  
mangkya suwung dadya wana,  
buron wabru kang ngenggeni,  
rumiyin meh sabeng praja,  
wangsole pan pun mriyemi.
24. Mila ramanta Sang Prabu,  
susah lan wadya Medayin,  
para nata lan satriya,  
tinantun sadaya ajrih,  
umagut wabru punika,  
samya turken pati urip.
25. Yen wontena ingkang sanggup,  
mejahi buron puniki,  
mendah sukane ramanta,  
osiking tyas Jayengmurti,  
luhung ingsun sayanana,  
katura marang Sang Aji.
26. Raden Wahas lon umatur,  
kakang wontena nanggupi,  
ngambil kang wabru punika  
sang nata mantun prihatin,  
mesem Sang Murtining Yuda,  
sarwi anolih ing wuri.

## **XXIII. SANG AMIR MEJAHİ WABRU İNG WANÀ**

### **PANGKUR**

1. Yen mangkono yayi Maktal,  
undhangana bala ingkang pangarsi,  
prajurit ingkang pangayun,  
padha kinén prayitna,  
ingkang nengen bae ambahen ywa takut,  
tur sembah Rahaden Maktal,  
bala sampun den undhangi.
2. Budhal gagaman pangarsa,  
wong paningga sadaya den iseni,  
anerak marga kang samun,  
wadyeng Ngarab sadaya,  
pundirangan miyat desa agung suwung,  
ting julalat pangarsanya,  
samya jrih kapekseng gusti.
3. Wadya gung apundirangan,  
esmu miris mulat ing kanan kering,  
sang Jayengmurti amuwus,  
Yayi Wahas jerumna,  
liman iki manira arsa tumurun,  
ngulati buron puniki,  
wus anjerum ponang esthi.
4. Gya tedhak saking dipangga,  
Kalisahak nulya wus den titih,  
kang wadya ingendheg sampun,  
ngandika Jayengrana,  
Yayi Maktal sira miluwa maringsun,  
lawan Kakang Umarmaya,  
buron payo den ulati.
5. Dyan mentar wong agung tiga,

wadya bala sadaya nganti tebih,  
Kalana Anjayengsatru,  
alon denya ngandika,  
sira Maktal lan Umarmaya karsengsun,  
pager bata ubengana,  
wong roro mubenga ngering.

6. Manira kang mubeng nganan,  
singa manggih nuli tutura aglis,  
kalih sandika turipun,  
saksana ingubengan,  
dhusun ageng wismanira samya rubuh,  
weneh ana karambatan,  
ing oyod samya ngrungkudi.
7. Tepung gelang pager bata,  
wabru datan karuhan denya ningit,  
samya ngintip-intip wabru,  
sajroning pager bata,  
peksi beluk munya Marmaya anjumbul,  
mlajeng sarwi guragapan,  
dangu tan ana kaeksi.
8. Lajeng wang sul Umarmaya,  
lampahira dingkik-dingkik angintip,  
Raden Maktal sru gumuyu,  
yata Wong Menak prapta,  
Raden Maktal matur manawi aturu,  
neng nglebet banon punika,  
wonten gumleger kapyarsi.
9. Manawi inggih punika,  
angandika Rahaden Jayengmurti,  
sun petakane puniku,  
dimene tangi enggal,  
Umarmaya sigra denira umatur,  
ing mangke paduka petak,

kawula menek rumiyin.

10. Lajeng menek Umarmaya,  
wringin ageng gowok ingkang den nggoni,  
sarwi ndulu solahipun,  
Rahaden Jayengrana,  
Raden Maktal ampingan turangga sampun,  
Kalisahak ingkang sarta,  
den uger lawan waringin.
11. Astanirambyah kang kanan,  
pan sumalah pundhakira kang kering,  
astanira kering mungguh,  
sumalah pundhak kanan,  
nulya petak gumleger lir gelap sewu,  
kocak jaladri prakempa,  
prapta udan riwis-riwis.
12. Wabru sru kagyat anjola,  
ngungas-ungas mambu gandaning jalmi,  
angamah-amah anubruk,  
wreksa sapeluk rebah,  
kang saekol rongekol pineluk rubuh,  
datan mantra anggawera,  
wabru lajeng amarani.
13. Maring sira Jayengrana,  
duk umiyat panggih datan gumingsir,  
kang wabru sigra anubruk,  
saksana binarengan,  
panaute cinandhak talinganipun,  
gulune pinuntir pejah,  
gumebrug tumibeng siti.
14. Amedhot pun Kalisahak,  
gya lumajar maring prenahing dasih  
kagyat sadaya wadya gung,  
dene turangga pisah,

panarkane yen Kalana Jayengsatru,  
angembari buron tiwas,  
tandha pisah lan wajik.

15. Wau sira Umarmaya,  
anunggangi gigiring wabru aglis,  
mara budiya kapahung,  
Jayengrana ngandika,  
Umarmaya bala iriden angumpul,  
Umarmaya sigra mesat,  
sakedhap netra nya prapti.
16. Prenahing bala sadaya,  
ingundhangan ngumpul sadaya sami,  
budhal swarane gumuruh,  
wau Rahaden Maktal,  
sampun prapta ngarsanira Jayengpupuh,  
Wong Menak alon ngandika,  
karsaningsun iki Yayi.
17. Buron iki keletana,  
babalunge ulapana den enting,  
nuli salinana rumput,  
dimen kaya uripan,  
nulya prapta wadya gung kang para ratu,  
satriya miwah punggawa,  
arubung samya ningali.
18. Raden Wahas matur nembah,  
yen suwawi Kakang buron puniki,  
ingaturaken rumuhun,  
dhatane rama paduka,  
sri bathara mendah silih sukanipun,  
lan malihipun pun bapa,  
mirsa yen paduka prapti.
19. Ngandika Sang Murtiningprang,  
iya yayi mila sun kon ngamus,

wau balunge wabru wus,  
binersihan ngiseni,  
pan pinaseg ing siti tanapi rumput,  
Raden Maktal dhinawuhan,  
lah sira dhingina yayi.

20. Buron turna mring Sang Nata,  
Raden Maktal sandika budhal aglis,  
lawan mantri kuda sewu,  
tan ambekta wong dharat,  
mung wong nggotong wabru jagul kalihatus,  
ing marga tan winursita,  
enjing prapta ing Medayin.
21. Sang nata duk siniwaka,  
pepak andher para manca dipati,  
satriya punggawa agung,  
Sang Nata su ru ngandika,  
heh Patih Bestak sira apa krungu,  
Sang Jayengrana praptanya,  
wus aneng desa paminggir.
22. Patih Bestak matur nembah,  
inggih myarsa pukulun warteng jawi,  
kadi meh ing praptanipun,  
Betaljemur ngandikan,  
sampun mungguh ing wijoan palowanu,  
prenah keringe sang nata,  
ngandika Sri Narapati.
23. Bapa Betaljemur paran,  
estu Ambyah wartane ingkang prapti,  
lan mateni buron wabru,  
Betaljemur turira,  
inggih estu yen buron wabru wus lampus,  
dening pun Ambyah neng wana,  
Sri kasmaran ing pawarti.

## XXIV. RADEN MAKAL KAABEN JEMPARINGAN KALIYAN RAJA IRJAN

### ASMARADANA

1. Risedhengira tinangkil,  
sang nata imbal wacana,  
kagyat ing jawi gegere,  
wonten satriyadi prapta,  
ingkang adarbe duta,  
pun Kalana Jayengpupuh,  
ngaturken wabru praptanya.
2. Patih Bestak matur aris,  
pukulun wonten caraka,  
saking ing Jayengpalugon,  
kendel sajawining kitha,  
ngantos ingkang timbalan,  
duta ngaturaken wabru,  
Sri Naranata ngandika.
3. Lah iya papagen aglis,  
dutane Si Jayengrana,  
Kya Patih Bestak gya lengser,  
lawan sagung pra punggawa,  
prapteng jawining kitha,  
Patih Bestak sampun tundhuk,  
nedha duta tinimbalan.
4. Rahaden Maktal nauri,  
inggih Ki Patih sandika,  
nitih kuda sabalane,  
anjenger kang samya mulat,  
marang turangganira,  
tinawukan wesi blitung,  
kinarakab ing mas jingga.

5. Sewu kang mantri prajurit,  
nitih kuda lalapakan,  
prunggusari salebrake,  
sasabe limas tembaga,  
prapta sajroning kutha,  
kathah wong kang andudulu,  
buron wabru praptanira.
6. Ageng alit jalu estri,  
busekan wong sanagara,  
payo padha anononton,  
buron wabru ingkang pejah,  
dening satriya Ngarab,  
lawan satriyane rawuh,  
tinimbalan mring Sang Nata.
7. Pawartanira linuwih,  
kaonang-onang sumbaga,  
abagus prawireng tanggon,  
sun nyana sida mungsuhan,  
lawan Sri Naranata,  
kasumbungingrat binagus,  
eman yen dadya lurugan.
8. Tan adangu nulya prapti,  
ing marga pasamuwannya,  
kuda tinata lakune,  
abayak sapangkat-pangkat,  
wabru ginotong ngarsa,  
Raden Maktal wurinipun,  
wadya sewu totopong mas.
9. Sikep gagamaning jurit,  
balane Rahaden Maktal,  
kabeh mantri anom-anom,  
gamane rangkep sadaya,  
samya ngiwa gandhewa,

cilimprit cacap lan duduk,  
salukun kang munggeng kanan.

10. Gandhi rajang kalawahi,  
cocok lan iber-iberan,  
ngapit kakapa prenahe,  
kalumprung kang munggeng wuntat,  
sungsun singkring sarampang,  
jambi bondi aneng pupu,  
lugora ngebeg sumladhang.
11. Paris baruti mepeki,  
jrokong jijiret ing kanan,  
busur paser lan sosondhok,  
samya tinatrap ing emas,  
kangkam aneng salasar,  
yen tinon turangga sewu  
kadya landhak binarong lar.
12. Samya ebat kang ningali,  
wong Medayin gawok mulat,  
denya pepak gagamane,  
sadaya kaprajuritan,  
kabeh kawot neng kuda,  
kang saweneh ana muwus,  
wong Arab kagila-gila.
13. Yen mungsuga wong Medayin,  
jitus menang wong ing Ngarab,  
rikat akeh dandanane,  
satengah ingkang umiyat,  
satriya saking Ngarab,  
pasang tandang rikitipun,  
pantes kalok widigdaya.
14. Duk kalane Rajeng Turki,  
ingutus maring Sang Nata,  
wong wolung leksa balane,

mulihe samya brondholan,  
jinarah mring wong Ngarab,  
pra mantri kabeh barundhul,  
nora modar pira-pira.

15. Ngupayaa sa-Medayin,  
rong dina mangsa antuka,  
kang mirib satriya kiye,  
pasang baguse sembada,  
wicaksana ing tingkah,  
jatmika ing pasang tembung,  
layak tau ngremuk praja.
16. Kang wus mangarti nambungi,  
iku dudu Jayengrana,  
iya kongkonane bae,  
wong agunge Parangteja,  
ingaken saudara,  
mring Kalana Jayengsatu,  
minangka manggalaning prang.
17. Putra Rajeng Ngalabani,  
satriya ing Tambakretna,  
sairib lawan gustine,  
iku wartane digdaya,  
kasub kaonang-onang,  
tau ambanda pra ratu,  
kabeh kutha kang den remak.
18. Kuneng ingkang aningali,  
lampahira sampun prpta,  
Raden Maktal sabalane,  
kalawan Ki Patih Bestak,  
wus prapteng panangkilan,  
ing ngarsanira Sang Prabu,  
caraka kinari tebah.
19. Kya patih tumameng ngarsi,

mandhek sarwi tur pranata,  
sampun katur saature,  
ponang caraka kang prapta,  
Sang Nata su ru ngandika,  
kang duta mbacut neng ngayun,  
kalawan wabrune pisan.

20. Nulya ngandikan tumuli,  
Rahaden Maktal mendhapan,  
arikat pasang rakite,  
prapteng byantara narendra,  
raden matur manembah,  
Sang Nata ningali wabru,  
ebat dening agengira.
21. Sang nata ngandika aris,  
paran tingkahe duk kena,  
Raden Maktal matur alon,  
wabru punika duk nendra,  
ginugah lawan petak,  
satangine ponang wabru,  
kumucup angamah-amah.
22. Bala samya kinne nebih,  
sareng wabru anarajang,  
anaut nubruk tandange,  
pun Jayengrana apanggah,  
cinandhak kang talingan,  
pinuntir jiling tinapuk,  
wabru pejah kapisanan.
23. Anjetung Sri Narapati,  
sarya lon andikanira,  
iku wong wani arane,  
patut iku pinilala,  
sedheng kaonang-onang,  
prapteng bumintara kasub,

sireku apane Ambyah.

24. Dene warnamu apekik,  
lan wirutameng ing krama,  
apa ta sira kadange,  
Raden Maktal matur nembah,  
abdinipun kawula,  
dhumateng putra pukulun,  
Betaljemur nambung sabda.
25. Punika putreng Ngalbani,  
alalana andon aprang,  
sureng prang prawireng tanggon,  
wasis salire pamanah,  
miwah lamun ayuda,  
resep tyasira Sang Prabu,  
wonten satriya pralebda.
26. Irjan pinujweng wawangi,  
panas denira miarsa,  
angucap'aneng sandhinge,  
gangsul asora saraba,  
Raja Irjan punika,  
pepenetireng Medayun,  
punjul lamun amamanah,
27. Si Maktal iku pa wani,  
adi-adine wong Arab,  
yen tandhinga lawan ingong,  
manira mangsa wediya,  
prakara wong mamanah,  
nadyan gustine ing besuk,  
mangsa ngasorna maringwang.
28. Sagung ingkang pradipati,  
samya iri panas driya,  
de sang nata sadangune,  
ngandika amung wong Arab,

tansah ingalembana,  
anulya sami sumambung,  
manut wuwusira Irjan.

29. Mesem Raden Maktal nolih,  
sampun age wong angucap,  
barang yen durung kalakon,  
mumpung neng ngarsa narendra,  
Sang Nata amiarsa,  
ngandika mring Betaljemur,  
bapa sun adune lesan.
30. Ironing nagara Medayin,  
aprakara wong mamanah,  
punggawa satriya kabeh,  
tuwin ingkang para nata,  
kari maring si Irjan,  
mung iku ingkang pinunjul,  
Irjan senggak matur nembah.
31. Lamun kawula Sang Aji,  
tandhinga lawan pun Maktal,  
sayekti dede susate,  
pun Maktal tiyang punapa,  
mugi benjang pun Ambyah,  
dipun gesangna ping pitu,  
mangsa ngawona kawula.
32. Sang Nata ngandika malih,  
payo bapa lekasena,  
den age mundhuta tameng,  
sigra Kyana Patih Bestak,  
mundhut parise waja,  
titiga pratistheng ngayun,  
jinajar longkang sadhepa.
33. Ngandika Sri Narapati,  
Irjan sira dhinginana,

si Maktal kariya bae,  
Irjan sigra denya nembah,  
lajeng nyandhak gandhewa,  
Maktal delengen tandangku,  
pasang rakit sun mamanah.

34. Lajeng amenthang jemparing,  
gandhewa kadya pepesa,  
geret lumepas panahe,  
parise kang kalih tatas,  
kang sawiji tan pasah,  
bedhore kari malepuh,  
samya lok sagung dipatya.
35. Sajroning praja Medayin,  
tan ana kang kadya Irjan,  
manah natasaken tameng,  
sira Irjan senggak-senggak,  
payo Maktal manaha,  
susulen pamanahingsun,  
tak badhene wis kasoran.
36. Sang Nata ngandika malih,  
heh Maktal sira manaha,  
si Irjan iku wus katog,  
mesem sarwi matur nembah,  
nulya mojar mring Patya,  
mundhuta malih den gupuh,  
tameng waja papat engkas.
37. Kya Patih nolih ing wuri,  
sigra paris waja prapta,  
ampilane para katong,  
Raden Maktal asru ngucap,  
iya woren neng kana,  
sungsunen dikaya mau,  
longkangen elet sadhepa.

38. Tur sembah maring Sang Aji,  
sampun anyandhak gandhewa,  
nulya pinasang kenthenge,  
gandhewa lajeng pinenthang,  
lumepas kadya kilat,  
tatas parise pipitu,  
panah liwat aneratas.
39. Anerajang pancaksuji,  
panging wringin kurung sempal,  
lajeng naratas papandhen,  
narajang ingkang laleyan,  
sakeh wong ing paseban,  
sumenger kucem sadarum,  
malongo tan bisa ngucap.
40. Yata Prabu Nyakrawati,  
sakala salin busana  
arum ing pangandikane,  
sira Maktal ingsun ganjar,  
enya busananingwang,  
kang karaket ing awakku,  
Maktal nembah sarwi tampa.
41. Sang nata ngandika malih,  
heh Irjan sira wus kalah,  
nora nganti ing gustine,  
tumungkul sang Raja Irjan,  
nora ningali jalma,  
kucem paguwayanipun,  
sakala sawang kunarpa.
42. Sri Bathara Nyakrawati,  
alon pangandikanira,  
heh Maktal baliya age,  
enggalena kakangira,  
sun banget ngarsa-arsa,

Raden Maktal nembah mundur,  
wus lengser sabalanira.

43. Sapraptanira ing jawi,  
sareng denya nitih kuda,  
sasanderan ing lampuhe,  
ing marga tan winursita,  
arikat sampun prapta,  
ing kuwune Jayengpupuh,  
lajeng tumameng ngayunan.
44. Kagyat sang Wiradimurti,  
Raden Maktal duk katingal,  
meksih tebih gyat ingawe,  
Raden Maktal sigra nembah,  
Wong Menak angandika,  
dene alawas lakumu,  
gya Tambakretna tur sembah.
45. Katur solahe tinuding  
nalika ingaben lesan,  
suka Sang Jayengpalugon,  
miwah sira Umarmaya,  
tuwin kang para nata,  
Raden Maktal nembah matur,  
kang weweling rama tuwan.
46. Dipun enggal aneng margi,  
Sang Nata angarsa-arsa,  
ngandika Jayengpalugon,  
netega tengara budhal,  
umung kang bala kuswa,  
gya budhal swara gumuruh,  
pangriking turangga liman.
47. Kriciking watang senggani,  
lan karebeting daludag,  
umung pradangga kendhang gong,

sumreg sinrang ing maruta,  
ginelak lampahira,  
wus ḥangambah dhusun agung,  
wong desa kathah sesegah.

48. Kuthang kitha ing Medayin,  
bala Ngarah rarantaban,  
yata ingkang winiraos,  
Sri Naranata Nusirwan,  
ngundhangi balanira,  
yen Sang Nata arsa methuk,  
busekan bala kang medal.

## **XXV. SANG AMIR BADHE SOWAN SANG PRABU NUSIRWAN**

### **MIJIL**

1. Atengara Prabu Nyakrawati,  
wadya gung wus bodhol,  
pangkat-pangkat pra ratu wadyane,  
ingkang tunggul banderanya asri,  
panganjuring baris,  
ing Bangit Sang Prabu.
2. Pupulunanira Sri Bupati,  
bala busanabyor,  
Raja Olatmarjaban wastane,  
Rajeng Dara ingkang anambungi,  
Sri Tamtamkuwari,  
bisikaning ratu.
3. Pira-pira bala busanadi,  
gurnita ponang wong,  
nateng Kalsan sumambung wurine,  
saha bala busana marnani,  
bisikaning aji,  
Raja Krasbinatur.
4. Nulya raja Ngawuwulangit,  
barisnya sri tinon,  
sira Raja Bubarwan wastane,  
kang sumundhul sang Prabu Ngistani,  
bisikaning aji,  
Bintulu Wunawun.
5. Nulya Prabu Bustami nambungi,  
paparabing katong,  
Raja Ubinah nulya wurine,  
Raja Nursibah ingkang nambungi,

nateng Basantari,  
malih kang sumambung.

6. Ing Saperi Sang Raja Dribangsit,  
wadyanya sri tinon,  
nateng Laras sumundhul wurine,  
bisikanira Sang Raja Tamsir,  
sigra nateng Tasik,  
Raja Waradiyu.
7. Sanga Rajeng Bukitmar nambungi,  
bala busanabyor,  
Raja Basurbaran jujuluke,  
sira Raja Mukadimah nuli,  
Sri Ngoban nambungi,  
sira Raja Karun.
8. Tanggeh lamun ucapna para ji,  
wadyanya Sang Katong,  
ing Medayin tuhu ratu gedhe,  
kawanewu cinatur para ji,  
putra mawat kardi,  
titiga sumambung.
9. Bala kuswa busana marnani,  
lir wukir tutunon,  
Raden Irman kang munggeng wurine,  
Raden Urmus ingkang anambungi,  
kang sumundhul malih,  
Rahaden Semakun.
10. Neng dipangga Sang Sri Narapati,  
alalawak abyor,  
patikretna manten palanane,  
Betaljemur kang nunggil saesthi,  
datan kena tebih,  
